

# ZERA RECHECHI YE EFESO



Ishe vakuropafadzei.

Pane munhu here ari muno anotyaira do—Dodge, Dodge itsva, nhambapureti WX-2129, yakapakwa mhiri kwemugwagwa uko? Vasiya magetsi avo, magetsi emberi neose, zvakabatidzwa. Zvino kana paine mumwe munhu ari kutyaira motokari iyoyo, saka, ingoverevedzai muchibuda munodzima magetsi enyu. Ingori kuruboshwe rwemugwagwa, kuzasi chaiko muna Eighth Street. Ndinofungidzira kuti inhamba yekuNew Albany, WX-2129. Dodge tsvuku, Dodge itsva, ingangoita ya'59, '60, kana kumwe kwakada kudaro. Uye handina kuziva kuti manga muine mumwe munhu muno here kana kuti mumwe munhu anga achangobva . . . kubva kune imwe nzvimbo. Zvakanaka, anga ari. Uye saka chinhu chakanaka. Zvino, handisi kuzoti madzimai chete ndiwo anoakanganwa, nokuti neniwo ndinodaro.

<sup>2</sup> Saka, zvirokwasvo zvakana kudzoka zvakare manheru ano mushumiro, uye kuva nenguva iyi yakanaka yekuyanana pamwe chete paShoko. Muri kufadzwa naRo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Oo, ndizvozvo, tiri kungova nenguva inoshamisa, inoshamisa. Uye zvino tiri kuvimba kuti Mwari vachatibatsira kuti tipfuirire mberi.

<sup>3</sup> Zvino, munin'ina wangu aenda akaunza bhodhi dema apa, asi raka—rakanyanyisa kupfupika, haritongosviki kumusoro zvakakwana. Saka mangwana, zvakana, ndichaedza kuriisa kumusoro kuno, kuriendesha mudenga kumusoro nekuriita kuti rinyatsa . . . Ndinoda kudhirowa zvimwe zvinhu zvakasiyana-siyana izvo zvandingada kutsanangura, kuti mugone kungo . . . uye kuti muve nechokwadi chokuti manyatsoZvibata.

<sup>4</sup> Paiva . . . Husiku hwapfuura, kana kuti aiva nezuro, musikana wangu mudiki, Sarah, zvakanga zvakaita sezvakana kwazvo. Ama neni takanga takatarisa pabepa rake diki; akanga achitora zvinyorwa zvangu. Uye akanga anyora zvose pasi zvakana chaizvo, Isaya naMateo nezvose. Zvino kwekupedzisira chaiko kwebe—bepa, akanga ane “Uye—uye rufu . . . Guva harwuchisina kukunda mariri zvachose, uye rufu rwakanga rwabviswa rumborera rwaro.” Ane makore angaita manomwe ekuberekwa. Zvinoka iye panzvimbo pokuva na “Zvakazarurwa,” akati, “Bhuku reshanduko.” Saka, zvinoratidza kuti vanofarira kuedza kuwana chimwe chinhu, zvakadaro, havasi here? Ndinofunga kasikana kaHama Collins, kakagara kumashure uko, zvino vakanyora (“Shanduko?”), “Zuva reshanduko,” Hama Neville vanodaro. Vari kubvumirana naye. Ndinofungidzira tose tinofanira kudaro.

<sup>5</sup> Zvakanaka, tiri kuva nenguva yakanaka chaizvo. Ini zvangu, Ishe vari kuropafadza. Ndapinda kunoverenga mangwanani ano, mune imwe kamuri, ndichangobva kuendesha vana kuchikoro, uye ndichangobva kubuda nguva yapfuura; ndichingova nenguva yakanaka kwazvo. Husiku hwapfuura, ndakaverenga kusvika nguva dzaita sedzaenda, zvakare.

<sup>6</sup> Uye dzingaite two-thirty mangwanani vamwe vanhu vakauya vachibva kuchamhembe, vakatiita...vakandimutsa kuti ndinamatiye mumwe musikana mudiki aive ava kufa. Uye ndine chokwadi kuti Ishe vachamuita kuti apore. Vangouya zasi, nzira yose kubva kuBedford, Indiana, kuzokumbira chikumbiro chekuti musikana mudiki anamatirwe ipapo. Varume vaviri vakanga vari mushumiro nezuro manheru uye vakatyaira nzira yose kuenda kumusoro ikoko, nenzira yose vachidzoka zasi, nenzira yose yokudzokera zvakare. Zvichida husiku hwose hwekutyaira. Uye saka, zvakanaka kuziva kuti vanhu vane mhando yakadaro yeruvimbo uye vanotenda Mwari.

<sup>7</sup> Oo, izuva guru ratiri kurarama mariri. Uye tiri kutarisira zvino, pamazera echechi aya, kuti tingwana zvakawedzerwa nekuwedzerwa.

<sup>8</sup> Zvino tiri kuedza kungoti kasikei kutanga manheru ega-ega, kuitira kuti tikurumidze kubuda. Munoda izvozvo zviri nani? Uye zvinoita kuti vanhu vanofanira kushanda, vasvike kumba kuitira kuti vaende kubasa. Husiku hwapfuura takabuda zvekuma five, ten minutes after nine, kana kuti ini ndakanga ndapedza. Uye saka tinofara kwazvo kuva nevashumiri vose vatishanyira muno pamwe nesu manheru ano. Uye ini—ini...Hama Junior Jackson, Hama Carpenter, nehama yedu yabva kucheche uko, nevamwe vazhinji papuratifomu pano uye nekunze mumusangano.

<sup>9</sup> Uye ndaudzwa nhasi kuti shamwari yangu yakakosha zvikuru yaive neni muminda yekuvhangerwa, Hama neHanzvadzi Andrew vanobva kure mukati-kati meChina, vaive mumusangano manheru apfuura. Inguva inofadza yakadini yatakava nayo pamwe chete muJamaica gore iri rakapfuura. Takava nenguva yakanaka, ndaive kumusoro kumba kwavo. Uye ini zvangu, kana...Handizivi kuti Hama neHanzvadzi Andrew varipo here manheru ano muno mu—mumusangano? Chivakwa chino hachina kuvakwa zvakanaka chaizvo, saka...Hongu, vakagara kumashure-shure. Handizivi kana muchikwanisa kungosimuka netsoka dzenyu, Hama neHanzvadzi Andrew, kwechinguvana. Ishe vakuropafadzei. Tinofara kwazvo kukuonai, Hama neHanzvadzi Andrew. Ndakavakoka kuti vauye kuno gore rakapera pandaiva ndiri ikoko.

<sup>10</sup> Zvino, ndisingazvitaure pamberi pavo (Ndanga ndichataura zvakawanda, asi handisi kuzovvitaure zvino), asi ndivo vandinoti mamishinari chaiwo. Kana vakapinda mangwana

manheru, vaitei kuti vataure pano tisati tapinda. Ndinoda kuti munzwe kuti minda yekuvhangera chaiyo inorevei, pavakanga vari kumashure kure-kure mukati-kati zvekuti vakanga vasina kana chinhu chekuti. . . Saka, vari. . . Ndinofunga aive makore nemakore nemakore pavaive seri ikoko, uye vakanga vasina kana kumbenge vaona motokari kana chitima zvacho, kana chero chimwewo chinhu, kwemakore nemakore. Uye kuti Hanzvadzi vaizogadzira chingwa chavo ne. . . Kuti vaichipura sei. Uye. . . Zvino, ndiye mumishinari chaiye. Hama Andrew vaive netsono neshinda uye vaive chiremba, vaivasona vese pavainge vachekwa. Uye ndinofunga kana mwana achinge. . . vana pavaiuya, Hanzvadzi Andrew pamwe vaive nyamukuta uye Hama Andrew vaive chiremba. Vaingovimba navo.

<sup>11</sup> Uyezve kana mamisheni e. . . akabva kuEngland, Pentecostal Missions of England, vakati vaiva “vanyanyisa kuchembera kuti vadzokere mumunda,” (Ndichangokuudza kuti mamishinari akanyanya zvakadini, vakanga vasiri kuzitora chigaro chiri nyore vogara pasi) vakabva vadzokerako pachavo voga, ndokudzokera kunze uko kuJamaica uye vari kunze uko vachiita chimishinari zvino. Hama Fred Sothmann neni pano takava nemukana wakanaka wekuenda kumba kwavo uye tichivashanyira, uye inguva yakanaka sei yavakatiratidza; vachitapira se—sezvingava Makristu. Uye ndinokuudzai, handitaure izvi kuti. . . Ndingasva hangu ndapa ruva diki rerozi rakabukira zvino pane zibutwa rose mushure mekunge vaenda. Ndinokuudzai, ivo Makristu chaiwo. Uye ndakaudza mudzimai wangu kuti Hanzvadzi Andrew vakanga vari mumwe wemadzimai eChikristu anotapirisa, akanakisa munhu waangambosangana naye. Vangori. . . hunhu hwavo hwakaumbwa muna Kristu, zvakare; naHama Andrew, zvakare. Saka, ndine chokwadi kana mese mavaona kuti ndivana ani vachangobva kusimuka, ndaida kuti chechi yese iyi ivakwazise maoko uye nekuvanzwa vasati vaenda.

<sup>12</sup> Zvino, mangwana, Ishe vachitendera, handiti, tiri. . . mangwana manheru tiri kutanga pazera iri rechipiri rechechi. Manheru ano tiri kutanga pazera rechechi rekutanga. Ndine chokwadi chekuti Ishe vane ropafadzo rakachengeterwa isu.

<sup>13</sup> Uye rangarirai, sezvandakambotaura kumashure, dzimwe nguva pazvinhu izvi tinogona kusawirirana pazviri ma—maererano nedzidziso yebhaibheri. Uye mazhinji emazuva angu ndinotora kubva kune vanyori venhoroondo vechokwadi, avo chaizvoizvo vasina chero divi ravakarerekera, vaingonyora pasi chokwadi, chero zvachaiva, zvakaitwa nemachechi. Uye ini. . . Chaizvoizvo, chikamu cheMweya chedudziro, ndinoedza kuchiisa ipapo pachangu, nokugonesesa kwandinoziva. Uye dzimwe nguva kana ndikataura zvine ukasha kana zvisina hanyn’a saizvozvo, handizvireve nenzira iyoyo. Munhu wose anozviziva izvozvo, uyo anondiziva, kuti handirevi

kuzviita. Ndinongoda . . . Asi kuitira kuti ndiite kuti pfungwa yacho ibatirire, iwe . . . Zvakangoita sekurovera chipikiri mubhodhi, kana ukangochibairira ipapo, hachibati. Unofanirwa kuchiroverera chose wochibhendesa kwachakabudikira kwacho, kuchiita kuti chibate. Uye ndizvo zvandiri kuedza kuita. Saka hazvisi zvekuti ndiri kuedza kusabvumirana, nokuti ndinotaura ndichimiririra masangano ose nemamwe akadaro, kuti hazvisi . . . izvozvo.

<sup>14</sup> Ndakagara ndichiti, sekuisa mucherechedzo pamombe. Ndinorangirira makore apfuura ndakanga ndakagara rimwe zuva pavakanga vari . . . vakava nekukokorodza mombe kwemupfumvudza, vachiendesa mombe kumusoro musango, ini ndaibatsira kutinha mombe kumusoro kune, yavaiti fenzi yekuchengetedza mombe dzisadarika apo veHereford Association vanofudzira mu—muTroublesome River Valley. Zvino ndaive ndakagara ipapo negumbo rangu rakaturikwa pamusoro pechimubato chechigaro chepabhiza, ndakatarira sapurazi wemombe achitarisa mombe idzi dzichipinda nepafenzi inochengetedza.

<sup>15</sup> Zvino, unofanira kuva . . . ndipo apo paunenge uchienda uko munzvimbo yehurumende, uye unofanira kukwanisa kubuditsa huswa hwakaoma hunorema tani usati wagona kuisa mombe imwe kumafuro. Uye purazi remombe rimwe nerimwe rinorima huswa hwakawanda zvakati, mombe dzakawandawo zvakati, zvadaro vanokwanisa kuva nadzo.

<sup>16</sup> Zvino, dzainge dzichipfuura imomo dziine mhando dzose dzemicherechedzo padziri. Dzimwe dzacho dzaiva ne “Bar X.” VaGrimes vaiva padivi pedu ipapo vaive ne “Diamond T,” T ari kumwe kumucheto kwedhaimani. Paiva neiya “Lazy K,” ikoko kumusoro chaiko kweTroublesome River. Dzedu dzaive “Turkey Track.” Pazasi pedu chaipo pakanga pane “Tripod.” Uye pakanga paine mhando dzese dzemicherechedzo dzaipinda nepagedhi iroro.

<sup>17</sup> Zvino ndakacherechedza kuti sapurazi wemombe haana kumbonyanya kuita hanyn’a nemicherechedzo iyoyo, haana kumboitarisa. Pane imwe nguva yaive kurutivi rweruboshwe rwemombe, saka haagona kunge akaona mucherechedzo wacho. Saka zva—zvaisava kuti aitarisa mucherechedzo wacho. Asi chinhu chimwe chete chaava nechokwadi nacho, kuti hapana mombe yaipfuura nemo kunze kwekunge iine chikwangwani cheropa munzeve mayo. Yaifanira kunge iri Hereford yechokwadi kubva pakutanga kana kuti yaisagona kuenda musango iroro. Mucherechedzo wacho hauna kuita musiyano wakanyanya, asi chakanga chiri chikwangwani cheropa. Uye ndinofunga kuti ndizvo zvazvichava pakutongwa. Hazvizovi zvokuti mucherechedzo upi watakapfeka, asi Achatsvaga chikwangwani cheRopa, “Kana Ndaona Ropa, Ndichakupfurai.”

(Zvino, ndati kanganisei zvishoma here, Gene, ndiri here?) [Hama Gene Goad vanoti, “*Iyi* maikirofoni ine maungira.”—Mupepeti] (Maungira. Zvakanaka...Kugamuchidzana ruzha here pakati pemaviri aya, ndizvo here?) [“*Iyi* ndiyo yacho yakanaka uye *iyoy* haina kunyatsonaka.”] (Zvakanaka. Maita henyu Hama Gene. Zvakanaka.)

18 Zvino tichaedza kukasika kubuda zvakare manheru ano, kuitira kuti tizodzoka mangwana manheru totora mazera aya. Uye ndinokuudzai, zvakandiomera kwazvo kuti ndimbomisa zvimwe zvezvinhu izvozvo zvikuru zvakarara mujinga menzira; kungoedza kuzvibuditsa zvese muhusiku humwe. Munoziva, ndiyo mhando yehunhu hwangu, asi tinongofanira kungozvimisa zvishoma kusvika manheru ega-ega.

19 Zvino, tisati tatanga kuvhura Bhuku guru, handizivi kana tingamira kwechinguvana chete kuitira...Kushandura nzvimbo yako ye...tichisimuka, avo vanogona. Uye ngatikotamisei misoro yedu zvino, mukuperera, tichinamata:

20 Baba vedu voKudenga, tiri kuswadera zvakare paChigaro cheNyu chehushe chikuru Chitsvene, tichiuya tisingazununguki pakutenda, nekuti tiri kuuya nekuti takanzi tiuye. Hataikwanisa kutaura kuti tiri kuuya muzita reimwe chechi kana sangano, kana muzita rechechi ino, kana muzita redu pachedu, nekuti hataizova nechokwadi nazvo, kana taiwana kunzwikwa uku naMwari kana kuti kwete. Asi Jesu paakatiudza, “Kumbirai Baba chero chinhu muZita raNgu, Ndichachiita,” zvino tinoziva kuti tinouya muZita raJesu, Muchatinzwa, Baba.

21 Tinofara kwazvo patinoverenga nezve vakafira chitendero vemazuva akare, kuti vakasimbisa sei huchapupu hwavo neropa ravo, zvino, Baba, zvinotiita kuti tinzwe kuti tiri kuita zvishoma kwazvo muzuva rino. Uye ndinoKukumbirai, Ishe, kuti Mukanganwire kusava nehany’n’a kwedu—kwedu—kwedu, sezvatiri, pamusoro pebasa reNyu. Uye tinonamata kuti Mugotizodza patsva patinoverenga Shoko reNyu, uye toona kutambudzika kwakaunzwa mumazuva ekare pakugadzirwa kwebhuku reChechi iyi huru yakadzikinurwa yaMwari mupenyu.

22 NdinoKukumbirai, Baba voKudenga, kuti mutaure manheru ano kubudikidza nesu nokuti hatizivi zvokutaura; takangomirira uye tiri kukumbira munamato uyu pano nekuti tiri muHupo hwaMwari muChechi yaVo, uye tinokumbira kuti Mweya Mutsvene uri pavanhu ava ubatanidze masimba aWo pamwe chete manheru ano uye ugozunguza Evhangeri mumwoyo wose, zvinozotipa kumira kutsva netariro itsva yezera riri kuuya. Zviitei, Ishe, nokuti tinoona muonde uchiburitsa mabukira awo uye Israeri ichiva rudzi, uye mazuva eMarudzi achipera uye ave mushoma, uye takatarisira kuuya kweMudzikinuri mukuru, Ishe wedu Jesu Kristu.

<sup>23</sup> Fambai pakati pedu, Ishe. Sezvataurwa manheru ano, “Munofamba pakati pezvigadziko zvemwenje,” zvino fambai pakati pedu manheru ano, Ishe. Uye muyambire mwoyo yedu pamusoro pezvakaipa zviri mberi, uye mutipewo nzwisiso yeShoko reNyu, nokuti tinozvikumbara Zita raJesu. Amen. Munogona henyu kugara pasi.

<sup>24</sup> Zvino, sezvandataura zuva rega-rega, ndinoedza kuwana zvakangowanda zvakanyorwa pasi pabepa sekukwanisa kwandingagona, zvenguva, nzvimbo, nezvimwe zvakadaro, nekuti chiiitiko chenhoroondo chatiri kusvika kwachiri. Yaive iri nhoroondo, uye zvino tiri kudzika, zvakare, tichizvifananidza nenguva.

<sup>25</sup> Zvino, Svondo mangwanani neSvondo masikati...kana Svondo manheru, waro, takava nenguva yakabwinyiswa. Ndine chokwadi chekuti takazviita. Ndakazviita, pachangu. Uye zveZvakazarurwa...

<sup>26</sup> Zvino, tiri kudzidza chii? Zvakazarurwa zvaJesu Kristu. Uye chii chatakaona kuti Mwari vakaratidza chizaruro uye kuti Vaiva ani? Chinhu chokutanga chatinoona, pazvizaruro zvose, kuti Mwari vakazivisa kuti Vaiva ani. Kuti, Jesu akange asiri munhu wechitatu wehutatu, Aive hutatu hwakazara. Akanga ari zvose Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Uye ndicho chaiva chizaruro. Zvakataurwa kana muchitsauko chimwe chete ichi, kuti Akanga ari Mwari Samasimba; Uyo wakange aripo, aripo, uye achazouya; Mudzi neBukira raDhavhidhi.

<sup>27</sup> Zvino tinoona, zvino, kuti muzvinhu izvi tichaedza kujekesa nyaya yacho yose, nekuti handizive patchazomboZvinzwa zvakare, pamwe hatizombodaro, kusvikira nguva isisipo uye yonyangadikira muna Ziyendanakuenda. Uye zvino, sezvandinotaura, kunogona kuve nehama zhinji, vadzidzisi vanokodzera nekure kuti vataure izvi kupfuura zvandiri, uye pamwe vangawana dudziro iri nani pazviri, asi Mwari vakazviisa pamwoyo pangu kuti ndizviite uye naizvozvo ndaizova munyengeri kana ndisina kutaura chaizvozvo zvandaifunga kuti ndizvo. Maona? Saka, ndi—ndinoda kugara ndakachena pamberi paMwari, nguva dzose, kuti “Handina kunzvenga,” sezvakarehwa naPauro, “kukuyambirai masikati nousiku, nemisodzi, kuti chechi ive pakumira zvino.” Kana pane chero akarasika, ropa ngarirege kuva pamaoko angu, nokuti ndinoda kuve ndakachena paropa revanhu vose panguva iyoyo. Saka kana uchipesana, nhai, zvingori, nenzira yakanaka ine hushamwari, zvichange zvakangonaka. Zvino, asi, pamwe Ishe vachazarura chimwe chinhu chichatibatsira tose, pamwe chete.

<sup>28</sup> Zvino, chinhu chekutanga, tinoona kuti Akazvizarura pachaKe. Zvino tinonzwisisa kuti Aiva ani.

<sup>29</sup> Zvino, zvichienda zvichidzika, sezvandarataura chinokorwa chiya pamusoro pekusasa, nerubhabhatidzo muzita ra “Baba,

Mwanakomana, Mweya Mutsvene” rwuri rubhabhatidzo rwechiKatorike uye rwusiri rubhabhatidzo rwechiProtestanti kana rweTestamende Itsva, ndinovimba kuti ndazvijekesa. Uye ndakakumbira chero munhu angaratidza chinyorwa cheGwaro apo chero ani zvake akambobhabhatidzwa muBhaibheri kana kuti kusvikira paKanzuru yeRaodhikia pavakavamba chechi yechiKatorike, apo chero munhu akambobhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” ndapota huya undiratidze. Uye ndinozoisa kumusana wangu, “muporofita wenhema,” ndofamba nemumugwagwa. Zvino, ndinongozviita. . . kwete kuve ndakaoma, asi kungokuratidzai kuti iChokwadi. Maona?

<sup>30</sup> Zvino, zvino Bhaibheri rinoMuzarura pano, kuti ndiYe Mwari Samasimba, nyama pakati pedu. Maona? Hapana Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene; havasi vanamwari vatatu, kana Mwari mumwe akagurwa munzvimbo nhatu. NdiMwari mumwe chete akashanda mumahofisi matatu: Hubaba, Humwanakomana, neMweya Mutsvene. Mwari vachidzika kubva mubindu reEdheni, vachiedza kugadzira nzira yaVo kudzokera mumwoyo yevanhu, kurarama uye vova vanakomana nevanasikana vaMwari zvakare pamwe naVo. NdiMwari vari pamusoro pedu, Mwari vanesu, Mwari vari matiri. Ndiwo musiyano. Maona?

<sup>31</sup> Uye zvino zvinhu izvozvo, uye Bhaibheri rinozvizarura uye rakanyatsozvitaura muchitsauko 1 chaZvakazarurwa; rinova iro Bhuku roga muBhaibheri, muTestamende Itsva, mumabhuku ose eTestamende Itsva, ndiro Bhuku rega iro Jesu akaisa chisimbiso chaKe omene pariri. Uye Akati, kwekutanga chaRo, “Akaropafadzwa uyo anoverenga neuyo anonzwa.” Uye pakupedzisira, Akati, “Kana chero munhu akabvisa chero chikamu chaRo, kana kuwedzera chero chinhu kwaRiri, mumwe chete iyeye achabviswa, chikamu chake, kubva muBhuku reHupenyu.” Saka chituko kuti chero munhu abvise chero chinhu, ichi ndicho Chizaruro chakazara chaJesu Kristu. Saka kana tikaMuita vatatu, munoziva zvakaitika. Munoono, zita rako rinobuda.

<sup>32</sup> Uye hakuna munhu, hapana muProtestanti, hapana chechi yekutanga yakambotenda muna vanamwari vatatu. Yakanga iri nyaya huru paKanzuru yepaNicaea, uye vose vakatsauka pagwara; ndokubuda nenzira *iyi*, tingati. *Vehutatu*, vanhu vehutatu vanotenda muhutatatu, avo pakupedzisira vakazoumbwa muhechi yeKatorike, vakaenda kuhutatatu hwakakwana, vachiita Mwari kuva vanhu “vatatu.” Uye paiva nemumwe aitenda kuti Mwari vaive “mumwe,” uye vakaenda kune rimwe divi rokuve *vanotenda muhumwe*. Vose vari vaviri vanokanganisa. Mwari havagoni. . .

<sup>33</sup> Jesu haaigona kuva baba vaKe pachake, uyewo Jesu haakwanisi kuva nababa uye Iye ari. . . panozova navanamwari

vatatu. Izvozvo—izvozvo hazvaigona kushanda. Nokuti kana Aina baba, uye baba vari mumwe munhu kunze kwaKe, ipapo Aiva . . . uye Mweya Mutsvene ndemumwewo, Iye mwana wehupombwe. Bhaibheri rakataura kuti Mweya Mutsvene waiva Baba vaKe. Uye kana tiine Mweya Mutsvene, saka hausi Mweya Mutsvene, ndiBaba vari matiri muzita reMweya Mutsvene, vachishandisa hofisi iri matiri, nokuti yaimbova mumunhu ainzi Mweya, zvino unodzoka uye Wava matiri zvino, Jehovha Mwari mumwe chete. Maona?

<sup>34</sup> Hakuna vanamwari vatatu. Vanamwari vatatu ndezvechihedheni nehuhedheni, uye zvakaunzwa kuno. Uye kana mukangara muvhiki rose uye mhorega kuva nekufanofungira zvisizvo, asi tarisai, zvitorei, nhoroondo. Torai nhoroondo dzimwe chetedzo dzandinotora kana chero munhu, chero nhoroondo. Tinongozviziva, kuti nhoroondo dzese dzinobvumirana zvakafanana. Ivo vanyori venhoroondo havana chekuita nechero divi, vanongoda kutaura chokwadi, chakaitika. Uye motarisa chaizvo kuti chinhu ichocho chakaverevedza chichipinda sei kubudikidza naLuther chikabuda nemuna Wesley, ndokuzofumurwa mumazuva ekupedzisira, rubhabhatidzo muzita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Ingotarisai parwakapinda muhechi yeKatorike, mumaZera eRima, rwukabuda nemuna Luther, zvichidzika nemuna Wesley, asi pakati paWesley neRaodhikia (pakupedzisira) rwaifanira kufumurwa. Ndizvozvo. Zvino, uye izvi zvose inhoroondo, uye kwete nhoroondo bedzi, asi iBhaibheri.

<sup>35</sup> Uye zvino, manheru ano, tave kusvika kumaZera maNomwe eChechi aive machechi manomwe aive muAsia Minor panguva yekunyorwa kweBhuku. Machechi aya panguva iyoyo aifanira kunge aiva nehunhu hwemazera echechi aizouya, nekuti izvo . . . Kwakanga kune machechi akawanda kupfuura iwayo, chechi yevaKorose nemamwe mazhinji panguva iyoyo, asi Mwari vakasarudza machechi aya nekuda kwehunhu hwawo.

<sup>36</sup> Zvino, tinoMuona akamira pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe, Akanga aine muruoko rwaKe nyeredzi nomwe. Uye nyeredzi nomwe idzodzo, Akati, mundima 20 yechitsauko 1, kuti “Ndivo ngirozi nomwe kumachechi manomwe.”

<sup>37</sup> Zvino, muBhaibheri vakanga vasinganzwisisi Chizaruro ichi. Nokuti, zvaizovabatsirei kuti vatarisire uye vagomirira kana vaizoziva kuti paizova nezviuru zvevakore Jesu asati auya? Hazvina kupihwa kwavari.

<sup>38</sup> Uye ndinoti kune izvi, kwamuri imi vanhu pano, imi vanhu vechiKatorike, kwamuri maLutherani, kwamuri maMethodisti, nevamwe vakadaro, hazvina kupihwa kuna Martin Luther, Chiedza chiri paShoko nhasi. Kana kupihwa kuna John Wesley. John Wesley akaparidza kucheneswa



kwakapfuurwa naLuther. Uye Chiedza chinouya sokuda kwatinoita Chiedza. Mwari vanoZvitauro, uye haZvina kuzarurwa kwatiri nokuti Zvakavanzwa kumaziso edu kusvikira pazuva iro Mwari vanokwanisa kuZvizarura. Hameno kuti zvichavei kana taenda? Hongu, ndine chokwadi chekuti pane zvakawandisa, zvikuru kwazvo zvatisingazive nezvazvo. Ndizvozvo. Pane Zvisimbiso Zvinomwe, kana tikangotora Bhuku rose raZvakazarurwa, zvakanamwa kuseri kweBhuku. Hazvina kana kumbo... hazvina kunyorwa muBhuku. Uye Zvisimbiso izvozvo zvinofanira kuzarurwa muzera rino rechechi, uye zvakavanzika zvinomwe zvekupedzisira zvaMwari zvichazivi-... zvichaziviswa. Oo, ndinoda kungozvichengeta munguva yose yechando ndopfuura nemaIri. Hongu, changamire! MaZera maNomwe eChechi.

<sup>39</sup> SaDhanieri akanzwa mitinhiro minomwe, uye akarambidzwa; uye Johane akanzwa manzwi, uye Bhuku iri rakanamwa, uye seri kwebhuku raive rakanamwa neZvisimbiso Zvinomwe; asi mumazuva eZvisimbiso izvi zviri kuzozarurwa, “Chakavanzika chaMwari chaizopedziswa.” Nenamwe manzwi, Mwari vachazozivikanwa kuChechi yaVo; kwete muvanhu vatatu, asi seMunhu mumwe chete. “Chakavanzika chaMwari chaizozarurwa,” uye izvozvo pazvakazarurwa zvizere, zvino zvakavanzika zvinomwe zvaizozaruka kuChechi; nokuti, imomo, Chechi yaizorarama pasi pekufemera kweMweya Mutsvene, Iye achifamba achipinda nekubuda uye achiratidza zviratidzo zvaKe zvekuva mupenyu uye pakati pedu, achigara pakati pedu, uye tinenge zvino tiri kunamata Kristu mupenyu ari pakati pedu.

<sup>40</sup> Usambofa wakatsvaga machechi makuru nezvinhu zvikuru. Kana tasvika pazera rino rePentekosti, muchaona zvemazvirokwazvo pavakazvipotsa. Chechi chaiyo ye*Raodhikia* inoreva “vapfumi, vasingashaiwi chinhu,” uye vakashama, vane nhamo, mapofu, vakasuwa, uye vasingazvizivi. Maona? Vakatevera zvakaita semari zhinji, nezvivakwa, nezvimwe zvose.

<sup>41</sup> Apo, Chechi yagara iri iyo ma—marara enyika. Uye hevanoi pavaive: vakavengwa nevanhu vese, vakadzingirwa kunze, mumikoto, chero kupi kwavangagona kugara. Verengai VaHebheru 11, motora ndima nhanhatu kana sere dzekupedzisira dzayo, kuti “vakambeya mumagwenga, uye— uye vakapfeka matehwe emakwai nematehwe embudzi, uye vachishaiwa, vachitambudzwa, nokushungurudzwa.” Vanhu ivavo ipapo, ko chapupu chedu chichamira sei pane chavo muzuva reKutongwa? Munoono, vanhu ivavo muzuva iroro.

<sup>42</sup> Zvino, muzera rino rechechi... Tine machechi manomwe, zvino ndinoda kuti dziiswe panzvimbo. Handifunge kuti munogona kuzviona kubva pano, pamwe kana vamwe venyu vachigona, ndinozvipokana zvakanyanya, asi ndichaedza

kuzviita, (ndinoziva kuti manga musingakwanise, mugere pasi muno umu), kuaita maZera maNomwe eChechi. Ndichaibata paruoko rwangu kuitira kuti munzwise.

<sup>43</sup> Inotanga, Chechi inotangira paPentekosti. Pane angazviramba here? Kwete, changamire! Chechi yakatangira paPentekosti neRopafadzo rePentekosti, uye yakagadzwa naJesu Kristu kuti ienderere mberi kusvika pazuva rekupedzisira neMharidzo imwe cheteyo uye neropafadzo rimwe chetero richishanda matiri. Rairo yaKe yekupedzisira kuChechi yaKe, Marko 16, “Endai munyika yose, muparidze Evhangeri, zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino, kupi kwacho? “Kunyika yose.” Kuna ani? “Chisikwa chose.” Chitema, bhurauni, yero, chichena, chingava chisikwa chipi zvacho, paridzai Evhangeri kuchisikwa chose. “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino, manheru ano tiri kupinda zvishoma nezvishoma mune izvozvo, tongotanga kucheka tichipinda manheru ano, manheru ega-ega tocheka chikamu chakawedzera kukura chaZvo kusvikira tasvika zasi kuzera redu rechechi chairo. Zvino, tinoona kuti ndiko kwaiva kuraira kwaKe.

<sup>44</sup> Zvino, zera rechechi rekutanga raive chechi yepaEfeso. Zera rechi rechipiri raive Smirna. Zera rechechi rechitatu raive Pergamo. Zera rechechi rechina raive Tiatira. Zera rechechi rechishanu raive Sadhisi. Uye zera rechechi rechitanhatu raive Firadherfia. Uye zera rechechi rechinomwe raive Raodhikia.

<sup>45</sup> Zvino, zera rechechi rekutanga rakatanga kunana A.D. 53, apo Pauro akatanga chechi mu—muEfeso. Parwendo rwake rwehumishinari, akatanga chechi pa—paEfeso, chechi yepaEfeso, uye akanga ari mufundisi wayo kusvikira paakagurwa musoro muna 66, zvichimuita makore angangaita makumi maviri nemaviri ari mufundisi wechechi yepaEfeso. Mushure merufu rwake zvino tinoudzwa kuti Mutsvene Pauro...kana kuti Mutsvene Johane wemweya akazova mufundisi wechechi akapfuurira nayo kusvika muzera rino, uye zera rechechi rakapfuurira ndokupinda muna 170.

<sup>46</sup> Zvino mushure meZera reChechi yeEfeso, kubva A.D. 53 kusvika A.D. 170, ndokubva kwatanga Zera reChechi yeSmirna rakagara kubva A.D. 170 kusvika A.D. 312. Ndokubva kwapinda Zera reChechi rePergamo, uye Zera reChechi rePergamo rakatanga pana 312 rikagara kusvika A.D. 606. Ndokubva kwapinda Zera reChechi reTiatira, uye zera rechechi reTiatira rakatanga pa606 ndokusvika kuna1520, maZera eRima. Zvino Zera reChechi reSadhisi rakatanga muna 1520 ndokugara kusvika 1750, zera rechiLutherani. Zvino kubva muna 1750, zera rakatevera rakapinda raive reFiradherfia, zera raWesley; iro rakatanga pana 1750 uye rikagara kusvika 1906. Uye pana 1906 Zera reChechi yeRaodhikia rakatanga, uye handizivi kuti richapera rinhi, asi ndinofanotaura kuti richange rapera

panosvika 1977. Ndinofanotaura, kwete kuti Ishe vakandudza, asi ndinofanotaura maererano nechiratidzo chandakaritudzwa mamwe makore apfuura, kuti, zvisihanu zvezvinhu izvozvo zvaka (kubva pane zvinomwe) zvakatoitika.

<sup>47</sup> Nezve...Vangani vanorangarira chiratidzo ichocho, vari muchechi? Chokwadi. Chakataura kudaro, kuti kunyangwe Kennedy aizosarudzwa musarudzo iyi yekupedzisira. Kuti vakadzi vaizobvumirwa kuvhota. Kuti Roosevelt aizoendesa pasi rose kuhondo. Kuti Mussolini aizoenda akananga kuEthiopia, kupamba kwake kwekutanga, obva aizoitara; ndiwo aizova mugumo, aizofa mushure maizvozvo. Kuti zvitevedzwa zvikuru izvi zvaizosimuka uye zvose zvaizodzokera muCommunism; Hitlerism, uye naMussolini, naCo-...Nazism, nezvimwe zvakadaro, zvese zvaizodzokera muCommunism. Uye makore gumi nerimwe zvisati zvaitika, chakataura kuti “Taizoenda kuhondo neGermany, uye Germany yaizosimbiswa kuseri kwekongiri,” Maginot Line. Zvakaitika saizvozvo chaizvo. Ndokuti ipapo, mushure maizvozvo, zvaizosvika panzvimbo yekuti...zvaizoitika kuti sainzi yaizowedzera zvakanyanyisa kusvikira vagadzira motokari, motokari dzaizowedzera kufanana ne “zai” nguva dzose. Zvino chiratidzo ichocho chakataurwa ipo pano pamire Church of Christ zvino, pane yekare Mes-...musha wenherera. Charlie Kern, pamwe ari muchivakwa manheru ano, aigara panzvimbo yacho panguva iyoyo. Mamwe mangwanani eSvondo inenge seven o'clock chakaitika. Uye Chikati, “Zvino zvaizoitika kuti vaizogadzira motokari yavaisada chidhiraivho mairi, yaizofambiswa neimwe mhando yesimba.” Vave nayo zvino. Vave nayo zvino, musimba remagineti, ichtungamirwa neradha. Havatombo...unongoisa radha yako kwauri kuenda, inokutora iwe pachako, haufaniri kutyaira.

<sup>48</sup> Zvino, uye chakati imomo, “Panguva iyoyo, paizova nemukadzi mukuru achasimuka muUnited States.” Uye akanga akapfeka uye akanaka, asi akanga ane utsinye mumwoyo. Uye ndakaisa mumabhuraketsi pachiratidzo chacho, kunyangwe bepa reyeru, chakati, “zvichida chechi yeKatorike.” Uye madzimai vachibvumidzwa kuvhota vaizobatsira kusarudza munhu asiri iye wenyika ino. Uye ndizvo zvakaitika. Chaizvoizvo. Zvino, chakati, “Ndiwo aizova mavambo.”

<sup>49</sup> Zvino chimwe chinhu chachakataura, kuti...Zvino pakarepo mushure meizvozvo, ndakaona nyika ino yave chiutsi, yangoputitswa kuita zvimedu. Zvino, kana zvinhu izvozvo zvakaitika, ndizvo zvichaitawo zvimwe izvi. Tiri pa...Ndicho chikonzero ndiri pano manheru ano ndichiedza kuunza izvi kuti ndizviise kuvanhu ava vari muJeffersonville, nekuti ndiri kugadzirira kupinda muminda yekuvhangera munguva pfupi zvakare, uye handizive kuti inguvai yandingazoshevedzwa kana kutorwa. Ini—ini...hatizivi izvozvo. Uye ndinoda

kuve nechokwadi kuti ndiri...kuita kuti chechi izive nguva yavari kurarama, nokuti Mwari Samasimba vachandiita kuti ndidavirire pamusoro pazvo.

<sup>50</sup> Zvino—zvino, imwe neimwe yemachechi aya, maererano neRugwaro ipapo, yaiva nengirozi. Uye ngirozi yakanga iri... Vangani vanoziwa zvinoreva *nngirozi*? “Mutumwa,” mutumwa. Uye ipapo—ipapo kwaiva *nngirozi nomwe* kumachechi manomwe, zvaireva “vatumwa vanomwe.” Zvino, dzakanga dziri nyeredzi muruoko rwaKe. Uye muruoko rwaKe gumi nembiri idzi—idzi...nyeredzi nomwe idzi dzaizoratidza Chiedza cheHupo hwaKe muzuva rehusiku hwatakanga tichirarama. Senyeredzi dzinoratidza zuva kunyika, dzoita chiyedza chokuti tigone kufamba, uye nekufamba-famba husiku.

<sup>51</sup> Zvino tinoona zvino ipapo, kuti munguva iyi, kuti mumwe nemumwe wevatumwa ivavo aive nechinzvimbo nenzvimbo. Uye, hama, manheru ano hativike pazviri, nekuti tinoziva ngirozi iyi yechechi yekutanga, asi chichava chinhu chisinganzwisike uye chakabwinyiswa kuwana nekuburitsa kubva munhorondo, pamberi penyuru, ngirozi dzemamwe machechi aya. Ngirozi yechechi yekutanga aive Mutsvene Pauro, ndiye akaivamba, mutumwa waMwari. Ngirozi yechechi yeEfeso aive Mutsvene Pauro. Chechi...Zvino, chikonzero ini...

<sup>52</sup> Zvino, vamwe ava munogona kusabvumirana nazvo, asi ndakagarapo kwemazuva nemazuva ndiri pasi pekufemerwa kusvikira ndanzwa Mweya Mutsvene uchindirova nekundizodzera izvozvo. Ndicho chikonzero ndichiziva. Uye tarisai varume ava vakasarudzwa, kana uri mudzidzi wenhorondo, ivo...Varume vamwe chete vandinavo pano, uye nekuziva kubudikidza nechizaruro kuti vaive ngirozi kuchechi, vaiva neshumiro yakafanana neyakaitwa naivava pakutanga. Uye shumiro iyoyo haigoni kushanduka, inofanira kugara iri pentekosti kusvika kumagumo.

<sup>53</sup> Zvino, vanyori venhorondo vagere pano vachapikisana neni pamurume uyu; asi pachechi yeSmirna, Irenaeus ndiye wandinoziva aive ngirozi yezuva iroro. Polycarp, vazhinji venyu mungati aiva Polycarp, wanhi, mungati aiva iye. Asi Polycarp ainyanya kurereka kusangano nekuchiKatorike, chitendero chaiuya. Asi Irenaeus akanga ari murume akataura nendimi, uye aiva nesimba raMwari, uye zviratidzo zvakamutevera. Akanga ari Chiedza chengirozi yaMwari, uye akakwevera Chiedza mberi mushure mokunge Polycarp arovererwa pamuchinjikwa kana kupondwa, kuuraiwa, zvino Irenaeus akanga ari mumwe wavadzidzi vake, uye Polycarp akanga ari mudzidzi waMutsvene Pauro...kana kuti Mutsvene Johane. Zvino ipapo Irenaeus akatora nzvimbo yake, ndokuunza Chiedza.

<sup>54</sup> Uye ngirozi yeChiedza ye—yePergamo aive Mutsvene Martin mukuru. Handitendi kuti paive nemurume akadarika pakukura uyo akamborarama panyika, kunze kwaJesu Kristu, saMutsvene Martin. Simba? Mhondi dzakauya kwaari kuzogura musoro wake (aitenda muzviratidzo nezvishamiso, neRopafadzo rePentekosti), zvino pavakaendako, vakanga vari kuzomuuraya, akakatanura jasi rake ndokuisa mutsipa wake kwavari. Zvino muurayi paakavhomora munondo kuti agure musoro wake, simba raMwari rakamuwisira kwakadaro uko kure kubva paari, ndokukambaira nemabvi ake kuti amukumbire...?...Ameni. Akanga ari ngirozi kucheche.

<sup>55</sup> Zvimwe zvinhu. Tarisai kuti iye...Mumwe wehama dzake akanga asungirirwa, akanga ari munzira achiedza kumuwana, oona zvakanga zvaitika. Zvino paakasvika ikoko, vakanga vatomusungirira. Akanga arere akatambarara, afa, uye maziso ake akasundirwa kunze kwemusoro wake. Akapinda kwaari ndokupfugama namabvi ake akaradzika mutumbi wake paari kweawa, achinyengetera kuna Mwari. Zvino simba raMwari rakauya pamurume uyu ndokubva amuka, akabata ruoko rwake ndokufamba achibva naye ipapo chaipo. Iyo inhoroono, sezvakangoita George Washington, Abraham Lincoln, kana vamwewo. Inhoroono.

<sup>56</sup> Hongu, changamire! Mutsvene Martin aive ngirozi yechechi yePergamo, izvo, chechi yaive muwanano inovapinza muchiKatorike mushure maizvozvo.

<sup>57</sup> Ngirozi yechechi ye—yeTiatira aiva Columba.

<sup>58</sup> Ngirozi yechechi yeSadhisi, chechi yakafa...Izwi rokuti *Sadhisi* rinoreva “kufa.” Ndokubuda nezita, kwete Zita raKe, “Asi zita rinoti unorarama, asi wakafa.” Tarisai kuti vakaunza sei rubhabhatidzo irworwo muzuva iroro. Munoono, vakabva parwuri. Ngirozi yechechi yeSadhisi aive Martin Luther, muvandudzi wekutanga.

<sup>59</sup> Ngirozi yechechi yeFiradherfia yaive John Wesley, mutumwa.

<sup>60</sup> Uye ngirozi yechechi ye—yeRaodhikia haasati azivikanwa nazvino. Zvichava rimwe zuva, asi pamwe iye...panyika. “Uyo ane nzeve...” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...zivai kuti ndiro zera ratiri kurarama mariri. Mwari vachapa mutungo waro.

<sup>61</sup> Zvino, cherechedzai zvino, uye tichasvika zvino kuMagwaro, kudzokera kuzera rechechi rokutanga. Zvino ndinoda...Ndine zvimwe zvinhu zvidiki zvakanorwa pasi pano zvandinoshuva kuti monyatsoteerera.

<sup>62</sup> Chechi yekutanga, chechi yeEfeso, mabasa echechi, izvo Mwari vakavapomera nokuda kwazvo, akanga ari mabasa asina rudo. Mubairo wavo waive Muti weHupenyu.

63 Chechi yeSmirna yaive chechi yaitambudzwa, yakapfuura nemumatambudziko. Mubairo waive korona yeHupenyu.

64 Chechi yechitatu, Pergamo, zera redzidziso yenhema, nhema dzaSatani, nenheyo yekutonga kwanapapa, kuroorana kwechechi nehurumende. Mubairo wacho waiva mana yakavanzika nedombo jena.

65 Chechi yeTiatira yaive chechi yekunyengera kwanapapa, maZera eRima. Mubairo waiva simba nekutonga marudzi, uye neNyamatsatsi yeMangwanani. Ndivo vashoma-shoma vakapfuura.

66 Chechi yeSadhisi yaive zera rekuvandudzwa, mumishinari mukuru. . . kana kuti kwete mumishinari, asi mazita akavanzwa, vaive nemazita avo pachavo. Uye mubairo waiva nguwo chena, uye nezita riri muBhuku reHupenyu (rinofanira kuuya mukutongwa). Takava nazvo rimwe zuva, Bhuku reHupenyu; uri kuzotongwa kubva muBhuku reHupenyu. Vatsvene vanoshandurwa uye vanotorwa pasina kudaro, havaendi ikoko.

67 Zera reChechi reFiradherfia raive zera rerudo rwehama, zera rekutumwa kukuru uye zera guru remamishinari, mukova wakazaruka. Uye mubairo waiva mbi—mbiru. Kuzarura mazita aMwari kwaifanira kunge kuri mu—muzera iri, parakabuda kuma 1906. Zvakana.

68 Zera reRaodhikia raive chechi inodziya, yakapfuma, ine hupfumi hwakawanda, isingashaiwi chinhu; asi yakange ine nhamo, iri murombo, bofu, yakasuwa, uye yakashama. Uye mubairo waiva kugara paChigaro chehushe naIshe, avo vanokunda zera iroro.

69 Zvino kuzvimedura-medura, manheru ano, kukuratidzai zvishoma nezveshumiro yamanheru ano, tichatora chitsauko 2, zera rechechi rekutanga. Zvino isu. . .

Akazarurwa uye tinoziva kuti Iye ndiani, NdiMwari!

70 Zvino, zera rechechi rinotanga sezvandataura, kunana 53, kusvika 170. Uye (a) guta reEfeso, rimwe remaguta makuru matatu emuAsia; rinowanonzi guta rechitatu rokutenda kweChikristu (rokuratanga raiva Jerusarema; rechipiri, Antioki; uye rechitatu, Efeso)...(c) guta rekutengeserana kukuru nekutengesa...(e) hurumende yaive yeRoma...(f) mutauro wacho waiva chiGiriki. Vanyori venhoroondo vanotenda kuti Johane, Maria, Petro, Andrea, naFiripi vose vakavigwa imomo. Uye Efeso yaizivikanwa nekuda kwerunako rwayo.

71 Chikristu paEfeso ndimo maigara maJudha, paEfeso. Uye yakavambwa kunana A.D. 53 kana kuti 55. Chikristu chakasimwa ipapo naMutsvene Pauro. Gare-gare, Mutsvene Pauro akapedza makore matatu ari paEfeso. Kudzidzisa kwaPauro kwakaunza runziro huru kuvatendi vepaEfeso. Tevere, Timotio ndiye aive bhishopi wekutanga wechechi

yepaEfeso. Pauro akanyorera chechi yepaEfeso. Munguva yaPauro yaive chechi huru.

<sup>72</sup> Efeso zvinoreva...zita racho rokuti *Efeso* rinoreva “kuregedza, kuzorora, kudzokera shure.” Yakadanwa naMwari, “Chechi yakadzokera shure.” Mwari—Mwari vakatanga vacherechedza mabasa avo, kushingaira kwavo, nokutsungirira kwavo. Mwari vakatsiura mararamiro avo, vachisiya rudo rwavo rwepakutanga, kudzokera shure, uye nekurega kuzotakura Chiedza. Efeso yakanga isiri chechi yakanyengerwa, yakazvikundikana pachayo nekusaramba iri murudo rwakakwana.

<sup>73</sup> Pfpupiso yeEfeso: Zvibereko, vasina rudo, vakatungamirirwa mukutsauka. Vimbiso: Paradhiso yakavimbiswa kumukundi, wevatsvene veEfeso muzera rechechi, vakapiwa kuMuti weHupenyu.

<sup>74</sup> Hechino chinhu chakanaka. Muti weHupenyu unotaurwa katatu muna Genesi, katatu muna Zvakazarurwa. Kekutanga pawakatarwa muna—muna Genesi, maiva muEdheni, uye Kristu akanga ari Muti wacho. Katatu kawakatarwa muna Zvakazarurwa, aiva Kristu muParadhiso. Oo, zvakapfuma. Ishe varopafadze.

<sup>75</sup> Zvino tave kutanga chitsauko 1 cheEfeso. . . kana kuti ndima 1 yechitsauko 2, chechi yeEfeso:

*Kumutumwa wekereke iri paEfeso nyora kuti; Zvinhu izvi anodaro iye akabata nyeredzi nomwe muruoko rwake rworudyi, anofamba pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama;*

<sup>76</sup> Johane ndiye mu—mutumwa panguva iyoyo. Aifamba pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe izvi aiva Jesu Kristu, Mwari Samasimba. Iye Ari kuitei? Haana kuti Aifamba muchigadziko chemwenje *chimwe chete*, Akanga achifamba ari pakati pazvo zvose. Izvozvo zvinorevei? Kuti Ndiye Mwari mumwe chete, zuro, nhasi, nokusingaperi, uye muzera rechechi rega-rega kumutendi wose. Anouya kune. . . neMweya Mutsvene kuzera rose nekumunhu wose; mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

<sup>77</sup> “Akabata muruoko rwaKe rworudyi.” *Ruoko rworudyi* zvinoreva “mvumo nesimba” zvaKe. Akabata muruwoko rwaKe rwerudyi (pasi, achitungamira) vatumwa vanomwe kumazera manomwe echechi. Oo, ndinozvifarira. MunuMuona achifamba nemumazera echechi aya, Kristu, achiZvizivisa kuvanhu vaKe zvichidzika nemuMazera eRima aya, zvichidzika nemuzera rose; apo chechi payakava yetsika uye ikabuda, uye vamwe vakaenda neimwe nzira uye vamwe neimwewo, asi vashoma-shoma ivavo vechechi vakaramba vakabatirira, uye Kristu akashanda navo, achisimbisa Shoko raKe; achiRipfuudza nemo chaimo.

<sup>78</sup> Zviri nyore kwazvo kuona kuti sei tine zvatina zvo nhasi, paunotanga kunzvera izvi. Zvino, pano pakutanga... Ndinotenda mese munogona kuona kumusoro uku. [Hama Branham vanoratidza pabhodhi dema—Mupepeti] Herino zera rimwe rechechi, rinova Pentekosti. Zera rechechi rechipiri, zera rechechi rechitatu, rechina, rechishanu, rechitanhatu, rechinomwe. Zvino kana mukanyatsocherechedza izvi, Chechi yakatanga paPentekosti. Vangani vanozvitenda izvozvo? Munoono here zvakaitika paPentekosti? Tinobva tatarisa chechi ichienda ichidzika zasi. Inogotanga kudzima zvishoma nezvishoma, nechemberi zvishoma, nechemberi zvishoma; zvishoma hazvo, iri pasi saizvozvo apo Chechi yechokwadi chaiyo ichibuda.

<sup>79</sup> Zvino, Kristu... zvisinei nokuti Chechi idiki sei, “Chero papi panoungana vaviri kana vatatu muZita raNgu, Ndichange ndiri pakati pavo.” Pavanoungana pamwe chete muchii? Muzita reMethodisti? Zita reBaptisti? Zita rePentekosti? Zita raJesu! Chero papi panoungana vaviri kana vatatu pamwe chete, zvisinei kuti vashoma sei. Uye vachave vari vashoma kwazvo mumazuva ekupedzisira kusvikira, Akati, Anotofanira kuuya nekukasika odimburira panzira basa racho kana kuti hapazovi nenyama ichaponeswa kuitira Kubvutwa. “Pese panoungana vaviri kana vatatu muZita raNgu!”

<sup>80</sup> Zvino, chikamu chekutanga, vaapostora. Zvino, tinoona uku ndiko kutanga, Pentekosti. Ari kufamba-famba, Mwari mumwe chete mukuru, zviratidzo zvikuru zvimwe chete zvaizofanira kuitika zvichidzika nemumazera ose aya nokuti Akafamba pakati pezera roga-roga. Achirofafadza chii? Vanhu vaKe vakaungana muZita raKe.

<sup>81</sup> Ndinoda kuti mutarise mune izvi patiri kufamba tichipfuura nemuchechi. Chechi *iyi* yaive neZita raJesu. Chechi *iyi* yaive neZita raJesu. Chechi *iyi* yaive neZita raJesu. Zvino chechi *iyi* yakarasikirwa naRo. Chechi *iyi* yakabuda, zera rechiLutherani, riine “zita rokuti unorarama, asi wakafa.” Zvino zvoramba zvichidzika zasi kusvika pakuguma kwezera *rimo*; uye pakati pezera iri nezera *iri* pane musuwo wakazaruka wakaiswa unodzosa Zita iroro zvakare kuchechi. Zvino tarisa uone kana ichocho chiri Chokwadi, mushure mekunge tachiwana muno muMagwaro. Ipapo pakati pema—mazera.

<sup>82</sup> Zvino, mangwana manheru ndichaedza kuva neichi chakaiswa pano kuti tizvione tose. Uye ndichadzika kuno pamwe mangwana masikati ndodhirowa zve... zvimwe zve—zvezvirongwa zvandinoda kutaura nemi pamusoro pazvo. Uye kana chero ani wenyu aine nhoroondo, mudziunze. Kana kuti tora zvinyorwa zvako uende zasi kuraibhurari kana kumwewo wotora nhoroondo, woiverenga woona kana izvi zviri izvo.

<sup>83</sup> Zvino ndima 1. Ari kuitei? Ari kuvakwazisa.



Ku—kumutumwa *wekereke iri paEfeso...* (kuna Johane) nyora; Zvinhu izvi ndizvo zvinotaura iye anobata *nyeredzi nomwe muruoko rwake rworudyi, anofamba pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama;* (ikwaziso)

84 Zvino ndima 2 nendima 3, Anovarumbidza:

*Ndinoziva mabasa ako, nekushingaira kwako, nekutsungirira kwako, ...kuti haugoni kutsungirira neavo vakaipa: uye wakaedza ivo vanoti ndivo vaapostora, uye vasiri ivo, uye ukavawana vari varevi venhema:*

85 Munoono, kutsauka kuya kwakanga kwatotanga kupinda, muzera iri rokutanga. Kwakatotanga ipapo chaipo; nokuti vasanangurwa uye neChechi yechokwadi vaida kuchengeta zvirevo zveBhaibheri, nekuchengeta Mashoko akataurwa naJesu muhuchapupu hwaKe, vakanga vatotanga kubva kare. Chimwe chinhu chakatanga kuitika, uye pakanga pasimuka vadzidzisi venhema, vanhu vaidzidzisa zvisiri izvo, zvinopesana neMagwaro, vachiedza kuunza chimwe chinhu kana kuwedzera chimwe chinhu.

86 Ndicho chikonzero Akapa chizaruro ichi kucheche uye akati, “Ani naani anobvisa kana kuwedzerapo, chikamu chako chichabviswa kubva muBhuku roHupenyu.” Ndiko, kurasika, hama! Usatombotambe neShoko raMwari! Hazvinei nokuti Rinorwadzisa ani kana chii chaRinorwadzisa, ingoRitaura zvakadaro. Nenzira chaiyo yaRakanyorwa ipapo, ndiyo nzira. Hatidi chero chimwewo chinhu chikuru, hatidi chero muprisita kana chero chimwe chinhu kuti chiRidudzire kwatiri, Mwari Mweya Mutsvene ndivo mududziri. Vanopa dudziri.

87 Zvino, kana mukacherechedza, kutendeuka kubva pane zvakaipa nekuwana vaporofita venhema, mushure maizvozvo vakaonekwa vari venhema, vaine chimiro chehumwari. Onai kutanga kwakaita chechi kuva yetsika panguva iyoyo? Vakatanganga kuita sekuputsa vanhu pasi pekufemera kweMweya Mutsvene, kutanga kukonzeresa vanhu kuti vaite dambe navo.

88 Saka, ko Jesu haana here kuti, “Makaropafadzwa imi kana muchitambudzwa nokuda kwokururama”? Haana kumboti motanga kuva vetsika. Akati, “Farai, uye mufarisise, nokuti vakatambudza vaprofita vakakutangirai.” Akazvitauro izvozvo, zvaive muzviropafadzo, muna Mateo 5, “Makaropafadzwa imi!” Nhai, kuva nevanhu vachikusekai nokuti munoda Ishe Jesu, iropafadzo kungova navo pavanozvitauro. Vari bedzi... Pavanenge vachikutukai, vari kuburutsa maropafadzo aMwari zasi pamuri. Zvinovadzokera, sezvazvakaita pana Bharami panguva iya. Zvi—zvinovadzokera. Pavanoedza kuita jee nemi nekuda kwekuva Mukristu, handiti, zvinovadzokera, zvino Mwari vanopa ropafadzo, nekuti, “Makaropafadzwa imi kana

vanhu vachikutambudzai nokuda kweZita raNgu.” Nokuda kweZita raKe, “Makaropafadzwa imi!”

<sup>89</sup> Zvino tinoona kuti vaida kutanga uye vopinda mune chimwe chimiro chehumwari.

<sup>90</sup> Zvino, ndinogona kumira ipo pano ndotaura chimwe chinhu, ndinotenda kuti ndichadaro. Makacherechedza here kuti rumutsiro rwega-rwega. . . Zvino, hama vashumiri, imi tarisai izvi. Rumutsiro rweese runobereka mapatya, sezvakangoita Jakobho naRebheka vakabereka mapatya: Esau naJakobho. Ndinoreva Isaka panzvimbo ya. . . Isaka naRebeka, panzvimbo yaJakobho. Isaka naRebeka vakabereka mapatya. Baba vakanga vari vatsvene, amai vakanga vari vatsvene, asi vakanga vane vanakomana vaviri vakaberekwa: Esau naJakobho.

<sup>91</sup> Zvino, vose vari vaviri vainamata. Asi Esau, kana zviri zvemabasa nezviito, semuiti wakanaka wemirairo, aive pamwe mukomana ari nani, muna zvole, kupfuura zvaive zvakaita Jakobho. Maizviziva here? Jakobho aingova mukomana mudiki aigarira pedyo naamai vake nguva dzese. Asi Esau aibuda achinoshanda, aibuda achinobata nyama yemhuka yekupa baba vake bofu vakwegura vaive muporofita, akaedza kuvachengeta. Asi Jakobho aingova nechinhu chimwe chete mupfungwa, aida hudangwe ihwohwo! Akanga asina basa kuti aifanira kugarira pedyo kwenguva yakareba sei kana chingava chii chaafanira kuita, chinhu chikuru muhupenyu hwake hwaiva hudangwe! Zvino Esau akahuzvidza.

<sup>92</sup> Zvino hausi kuona here munhu wenyama—munhu wenyama? Kana rumutsiro rwauya, pane mapoka maviri evanhu anobuda kubva murumutsiro rwose. Pane munhu wenyama anoenda, uye anouya kuartari oti, “Hongu, changamire, ndinogamuchira Kristu seMuponesi wangu.” Anobuda kunze, uye chii chaachaita? Chinhu chekutanga munoziva, anozopedzisira ave mune imwe chechi yakanaka yakatonhora, yetsika, nokuti anofunga kuti, “Saka, kana ndikajoinha chechi, ndakangonaka semunhu ari parutivi. Handina kungovawo ndakanaka sa*Nhingi-nhingi* here? Zvinoita mutsauko wei chero bedzi ndiri nhengo yechechi uye ndichipa huchapupu hwangu?” Handiti, zvakasiyana zvikuru kwazvo. Unofanira kuzvarwa patsva. Unofanirwa kuva nehudangwe.

<sup>93</sup> Uye Jakobho haana kuita hanyi nekuti akasekwa zvakadini. Aida hudangwe ihwohwo, uye akanga asina basa nokuti aihwana sei.

<sup>94</sup> Zvino, vanhu vazhinji havadi kuwana hudangwe nekuti vanofunga kuti haungofarirwi zvisvishoma. Havadi kudzika zasi kuartari vochema zvisvishoma, kana kusadya svusvuro shoma, uye—uye nechimwe chinhu zvakare. Ivo—ivo—ivo—ivo havadi kuzviita. Vakadzi vazhinji. . . vakawanda, munoziva, mani- . . . vakapenda kumeso, vanofunga kuti kana

vakazochema vanogona kuibvisa, votozofanira kuiisa zvakare. Handiti, ivo...zviri... Uye handireveri kuzvitauro sekumhura, ndinovimba kuti hazvinzwiki sekudaro, asi ndicho chokwadi. HavatongoHudi. Havadi Kuberekwa Patsva, nokuti Kuberekwa Patsva kune huchapa. Zvakafanana nekumwe kuberekwa kwese. Chero kuberekwa kupi zvako kune huchapa, handina basa nekuti ndekupi. Kana muri mudanga renguruve kana mudanga, kana kuti muri mukamuri yepingi, yakashongedzwa yemuchipatara, kune huchapa.

<sup>95</sup> Uye ndizvowo zviri Kuberekwa Patsva kune huchapa! Amen. Kunokuita kuti uite zvinhu zvawaisafungira kuti ungaita; kumira pakona uchiridza tamborini, kana kuimba, “Kubwinya kuna Mwari! Hareruya! Mwari ngavarumbidzwe! Kubwinya kuna Mwari!” Handiti, unoita semupengo. Ndizvo zvakwakaita kuvaapostora, ndizvo zvakwakaitwa kumhandara Maria, akaita sokunge akadhakwa. Aive muhuchapa munharaunda, asi zvinotorera huchapa kuti hupenyu hubude. Amen!

<sup>96</sup> Kunze kwekunge chero chinhu chafa uye choora, hupenyu haugone kubuda machiri. Kunze kwekunge munhu afa nekuora mumifungo yake iye, Kristu haakwanise kupinda mumoyo make. Paunenge uchiedza kuzvifungira pachako, “Zvino, kana ndikafamba ndichienda kuartari ndoti, ‘Hongu, Ishe, ndiri—ndiri muchinda akanaka, ndichaKutorai. Ndichabhadhara chegumi changu. Ndichaita zvakati,’” unofanira kufa woora ipapo chaipo kupfungwa dzako. Rega Mweya Mutsvene uve nehutongi huzere uye wongoita chero chipi chaUnoda newe. Woita sokuva nehuchapa nawo. Zvinoita sezvinonyangadza, kwete kumhura, asi iChokwadi. Ndiyo chete nzira yandinoziva nayo yekuzviburitsa kuti ndikuitei kuti muZvinzwisise.

<sup>97</sup> Chii chakanga chine huchapa hungapfuura boka riya rakatsiga remaJudha zuva riya, pane kuona vanhu ava vachibuda kunze ikoko nemiromo inokakama? Munoziva kuti kukakama chii? “Huh, huh, uh, uh, uh, uh...?...” Dzimwe ndimi, uye vachiita sevanhu vakadhakwa. “Huh, huh, uh, uh, uh.” Ndizvo chaizvo zvavakanga vachiita. Vairatidzika kuva zvine huchapa!

<sup>98</sup> Uye akati, “Varume vose ava vakaguta newaini itsva here?”

Asi mushure mekunge mumwe aita sekudzikama, akati, “Ngazvizivikanwe kwamuri, uye teererai kune mashoko angu, ava havana kudhakwa sezvamunofungidzira kuti ndizvo.” Asi akadzokera kuRugwaro, “*Izvi* ndizvo *zviya* zvakataurwa nomuporofita Joere, ‘Uye zvichaitika kuti nemazuva okupedzisira,’ zvakarehwa naMwari, ‘Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose.’”

<sup>99</sup> Ndiwo maberekerwo akaitwa Chechi pakutanga. Vangani vanotenda kuti Mwari havana magumo? Zvino haVagoni

kushanduka. Uye kana yaive pfungwa yaVo yeChechi pamavambo, ndiyo mhando yeChechi yaVachava nayo kumagumo. Havagoni kushanduka. Saka uchatsivanisa sei nokukwazisa ruoko, kana kusasa mvura, kana—kana chimwewo chinhu chekuti hachina kuitika ipapo pacho? Mumwe nemumwe wevaapostora akadzokera chaiko kwakuri.

<sup>100</sup> Mushure mekunge vaita zvese izvi... Mweya Mutsvene wakanga wawira pamusoro pavo, Petro akati, “Tingadzivisa mvura here, tichiona kuti ava vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakaita pakutanga?” Uye akavaraira kuti vabhabhatidzwe muZita raIshe Jesu. Ndizvozvo.

<sup>101</sup> Pauro akaendako ndokuwana vanhu vachidanidzira, vaine nguva huru, boka remaBaptisti vachirumbidza Mwari, uye akati, Mabasa 19, akati, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?”

Vakati, “Hatizive kana kune chinonzi Mweya Mutsvene.”

Akati, “Makabhabhatidzwa sei?”

Vakati, “Takabhabhatidzwa nemurume mumwe chete akabhabhatidza Jesu, Johane Mubhabhatidzi.”

<sup>102</sup> Akati, “Hongu, hazvichashanda zvachose.” Maona? Petro akatozvisimbisa neZuva rePentekosti. Akanga aine kiyi. Maona?

Akati, “Hazvichashandi zvachose, munofanira kubhabhatidzwazve zvakare.” Saka akavabhabhatidzazve zvakare, muZita raIshe Jesu Kristu. Akaisa maoko ake pamusoro pavo, uye vakava nemhando imwe chete yezvibereko izvo zvavakava nazvo pakutanga. Mweya Mutsvene wakawira pamusoro pavo, vakatanga kutaura nendimi nekuporofita.

<sup>103</sup> Zvino, ndiyo yanga iri Chechi ichidzika nemuzera rose. Zvino, yakatangira pano chaipo pamavambo.

“Ndinoziva kutsungirira kwako. Une moyo murefu kwazvo, Ndinozviziva. . . Zvino rangarira, Ndini Uyo anofamba pakati pezvigadziko zvemwenje. Ndinoziva kutsungirira kwako, nebaso rako, nekushingaira kwako, nerudo rwako, nezvimwe zvakadaro. Ndinoziva zvose zvawakaita. Uye Ndinoziva kuti wakaedza vanhu ava vanozvidana kuti ‘vaporofita, vaapostora,’ uye ukaona kuti varevi venhema.” Oo, zvakanyatsonanga, handizvo here? Ini handina mungava pazviri, Iye ndiye. Akati vaive varevi venhema.

<sup>104</sup> Asi Bhaibheri rakati, “Edza munhu. Kana aripo pakati penyuri ari wemweya kana muporofita, kana anoti ari, Ini Jehovha ndichaZvzivisa kwaari. Ndichataura naye muzviratidzo, nemuzviroto. Uye kana zvaanotaura zvikaitika, zvino munzwei; musamutya, munoono, nokuti Ndinaye. Asi kana zvikasaitika, ipapo musamunzwa, haana Shoko raNgu.” Munoono, kana riri Shoko raKe, zvichaitika.

<sup>105</sup> Zvino, vakaona kuti vanhu ava vakanga vasiri kuita zviri maererano neBhaibheri. Munoono, vaiedza kuwana chimwewo chinhu. (Ndinoda kuti munyatsofungisisa zvino, apo patinodzika kunyaya inokosha mumaminitsi mashoma.) Zvino, ndokubva Ati, “Ndiri kuona zvauroi . . .kuti une moyo murefu, nekutsungirira uye . . .navo. Wakavaedza, ukaona kuti havasi vaapostora. Havasi.”

<sup>106</sup> Zvino, sezvandataura kutanga, tisati tatanga pane izvi zvakare, rumutsiro rwose runobereka mapatya. Mumwe munhu wemweya; mumwe wacho munhu wenyama wepanyika, “Ndakajoinha chechi, ndakangonaka semunhu wese.” Uye ndizvo zvakaburitswa nerumutsiro rwuno. Ndizvo, rumutsiro rwose. Ndizvo zvakaburitswa naLuther, ndizvo zvakaburitswa naIrenaeus, ndizvo zvakaburitswa naMutsvene Martin, ndizvo zvakaburitswa naColumba, ndizvo zvakaburitswa naWesley, uye ndizvo zvakaburitswa nePentekosti. Chaizvoizvo.

<sup>107</sup> Munoono kuti vabhuruvara sei? Vakavaka machechi avo, ndokuenderera mberi zvisizvo, uye nenzvimbo huru dzakanaka uye (nhai, veduwee!) vosimuka vachidzokorora Chitendwa cheVaapostora. “Ndinotenda muChechi Tsvene yeRoma Katorike, nekuwadzana kwevasande.” Ani naani anotenda mukuwadzana nevasande muuki. Chero chipi chinotaura nevakafa ndechadhiyabhore. Ndizvozvo chaizvo. Tine murevereri mumwe chete pakati paMwari nemunhu, ndiye Murume, Jesu Kristu. Ndizvozvo. Ndizvo zvakataurwa naPetro. Uye imi vanhu vanodikanwa vechiKatorike munomudana kuti “papa wekutanga, uye Petro ari papa wekutanga akafamba naJesu.”

<sup>108</sup> Uye akabva ati, “Hakuna mumwe murevereri pakati paMwari nemunhu.” Uye ava, mune zviuru gumi zvevamwe nhasi. Sei zvakashanduka zvakananyanya, kana chechi isingakanganisi uye isingashanduki? Uye misa dzenyu dzese dzinotaurwa muchiTariyana kuti isashanduke. Chii chakaitika? Wakambowana kupi Chitendwa cheVaapostora muBhaibheri? Kana vaapostora vaive nechero chitendwa, chaiva “Tendeukai, mubhabhatidzwe mumwe nemumwe wenyu muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu.” Hapana chimwe chitendwa chandakambovanzwa vachiziva kana kumbodzokorora nemusoro chero chinhu zvacho.

<sup>109</sup> Asi kana zvasvika ku “machechi Matsvene eRoma” nezvimwe zvinhu zvose izvi, na “Mwari Baba Samasimba vanochengetedza matenga nenyika,” hazvina maturo. Maona? Ndizvozvo. Hazvimo muBhaibheri. Hamuna chinhu chakadaro muRugwaro. Chitendwa chekugadzira chavakagadzira. Asi ndicho . . .minamoto yese uye zvinhu zvese chinhu chakagadzirwa.

110 Tinokwanisa kuona nhasi kuti maProtestanti edu, patinodzika zasi kuno, vakangobva pavari chaipo. Uye sezvakataura Billy Graham Svondo, “Vanhu vanga vari mukukanganisa zvakanyanya zvekuti vanofunga kuti zvavari kuita ndizvo apo vari kukanganisa.” Ndizvozvo. Ichokwadi. Ndinofara kuti ndiri. . . Ndizvo ndinoziva kuti Billy Graham akagamuchira Mweya Mutsvene pasi paGeorge Jefferies uko, asi mamwe emazuva ano achabuda mune izvozvo. Mwari vari kumushandisa ikoko chaiko zvino, nokuti anogona kuzunungutsa humambo ihwohwo husina ani angakwanise kupinda mahuri. Asi unogona kuona kuparidza kwake, kuti pane chimwe chinhu shure kwaizvozvo, nokuda kwevamwe veivava pano maBaptisti vanokwazisa-maoko. Hongu, changamire!

111 Zvino:

*Ndinoziva mabasa ako, . . . nokutsungirira kwako, . . .  
kuti haugoni . . .*

112 Ngationei zvino, ndine . . .

*Ndinoziva mabasa ako, nokushingaira kwako,  
nokutsungirira kwako, . . .kuti haugoni kutsungirira  
naivo vakaipa: uye wakaedza ivo vanotaura kuti ivo  
vaapostora, asi ivo vasiri, ukavawana vari varevi  
venhema:*

113 Akavawana vari varevi venhema. Ko vaizviziva sei? Vakanga vasiri kutaura Shoko.

114 Zvino, kana munhu akataura kuti “Bhaibheri iri rinoti muna VaHebheru 13:8, ‘Jesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,’” munhu akati, “Ah, mazuva ezvishamiso akapfuura,” zvino munhu iyeye murevi wenhema.

115 Kana Bhaibheri rakati, “Tendeukai, mubhabhatidzwe mumwe nemumwe wenyu nemuZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu,” uye nzvimbo dzese muBhaibheri dzinotaura chinhu chimwe chete, uye munhu wose akambobhabhatidzwa mu—munguva yeBhaibheri akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, uye anovaraira kuti vabhabhatidzwe, kusaswa, kana zvimwewo zvakadaro, munhu iyeye murevi wenhema, akaonekwa ari muporofita wenhema.

116 Ndinovimba kuti handisi kurwadzisa manzwiwo, asi ini . . . Hama, iwe—iwe haugone kubata Izvi sezai, yasvika nguva, bvisa magirovhosi zvino ubate Vhangeri. Maona? Ndicho Chokwadi.

117 Zvino, ndiratidze chimwe chinhu chakasiyana. Ndiratidze apo munhu mumwe chete akambobhabhatidzwa neimwe nzira ipi zvayo kunze kwemuZita raJesu, munooona, kunze kwecheki yeKatorike. Saka kana wakabhabhatidzwa nenzira iyoyo, hausi muchechi yeChikristu, uri muchechi yechiKatorike nokuti wakabhabhatidzwa. *Sunday Visitor* yavo ivo, katekizimo

yakati, mubvunzo, “Pane chero maProtestanti vachaponeswa here?” Rikati, “Vazhinji vavo, nekuti vane rubhabhatidzo rweZita nezvimwe zvakawanda zvakadaro.” Rikati, “Vanotaura nezveBhaibheri, uye Bhaibheri rakati ‘bhabhatidzai muZita raJesu Kristu,’ uye takazvitora kubva ipapo tikazviisa kuti ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene’ uye vakazviisa pasi kwazviri.” Zvirokwazvo. Maona? Kwete—kwete... Harwusi—harwusi rubhabhatidzo rweChikristu, rubhabhatidzo rweChikistoriki.

118 Makandinzwa here mamwe manheru, “Wakambobhabhatidzwa here murubhabhatidzo rweChikristu?” Rubhabhatidzo rweChikristu, Kristu, “Jesu Kristu,” kwete mune rimwe dunhurirwa.

119 Zvino, ndima 3 zvino. Zvakanaka, ndima 2 ne3. Zvino ndima 3:

Uye wakatakura, uye ukatsungirira, nekuda kwezita rangu wakashingaira, uye hauna kupera simba.

120 “Nekuda kwezita raNgu.” Macherechedza here kuti vaive nekutsungirira? Kushingairira chii? Zita raKe. Muri kuona Zita iroro rakabata muchechi iyoyo? Zvino zvitarisei, kana tadzika nemuvhiki rose, kuti zvinopera sei zvopinda mune rimwe zita. Maona? “*Ukava nekutsungirira, ukashingaira, nezvimwe zvakadaro, nokuda kweZita raNgu.*” Iye... Vakashingaira nokuda kweZita raKe, kuchengeta Zita raJesu Kristu pamusoro pechero chechi zvayo, pamusoro pechero chimwewo chinhu.

121 NgaRive rekutanga muna, “Chero hacho,” chakataurwa neBhaibheri, “chero chipi chaunoita mushoko kana mukuita, chiite chese muZita raJesu Kristu.” Ndizvozvo here? “Chero chipi chaunoita mushoko kana mukuita.” Kana ukachata, ukachatisa mumwe munhu; kana usingakwanise, kana vese vaine zvakakanganisika mumuchato wavo, usavachatisa zvachose. Maona? Kana usingakwanise kutaura wakasununguka, “Ndinokudaizai kuti mave murume nemukadzi muZita raJesu Kristu,” vasiye vaende havu. Zvakanaka. Kana uchida kuvabhabhatidza, vabhabhatidze muZita raJesu.

122 Kana uchifanira kuita chimwe chinhu chausingakwanise kuita muZita raJesu, chisiye chakadaro! Mumwe munhu akati, “Imbonwa zvishoma.” Haugone kuzviita muZita raJesu, saka siya zvakadaro! Mumwe akati, “Tamba makasa zvishoma.” Haugone kuzviita muZita raJesu, saka asiye akadaro! Kamwe kanyambo kadiki, ketsvina, kezvinyadzi pati yako yemutambo wemakasa, haugone kuzviturea nemuZita raJesu, saka zvisiye zvakadaro! Maona? Haukwanise kupfeka zvikabudura muZita raJesu, saka zvisiye zvakadaro! Ndaigona kuenderera mberi, asi isu...munoziva zvandiri kutaura nezvazvo. Zvakanaka. Haugone kuzviita izvozvo. Zvausingakwanisi kuita muZita

raKe, zvisiye zvakadaro! Nokuti, Akati, “Chero chipi chaunoita mushoko kana mukuita, zviite zvese muZita raJesu Kristu.” Zvakanaka, zvino.

<sup>123</sup> Zvino tava kuzo...Ndizvo...Akavarumbidza nokuda kwaizvozvvo. Zvino ndichataura nezvenyunyuto zvino muchitsauko 4...kana kuti ndima 4, waro.

*Zvisinei ndine pandinopesana newe, kuti wakasiya rudo rwako rwekutanga.*

<sup>124</sup> Oo! “Ndine chandinopesana newe. Wanga uine kutsungirira, wakamiririra Zita raNgu.” Hachingavi chinhu chakangonakawo here chetabhenakeri ino nhasi? Hongu, changamire! “Wanga wakanaka, uye wakave nekutsungirira kuzhinji, uye wakatakura nguva refu, asi nyaya yacho ndeyekuti...Wakamiririra Zita raNgu. Ndinotenda zvose izvozvvo. Ndi—Ndinokurumbidza nekuda kwazvo, zvakanaka. Uye Ndakaona kuti wakavaedza avo vanozviti vaapostora nezvimwe zvakadaro, uye ukaona kuti varevi venhema, havafambirane neShoko. Ndi—Ndinotenda zvose izvozvvo. Asi pane chimwe chinhu chaNdinopesana newe, uye ndechekuti wakasiya rudo rwako rwekutanga. Wakasiya rudo rwuya rwawaimbova narwo rwemisangano iya yakanaka, yechinyakare, yeMweya Mutsvene, uye watanga kuita sekutsvedza uchidzokera kumashure mune izvo zvetsika, uchiuya na ‘Baba vedu...’” Hazvina maturo! Maona?

<sup>125</sup> Zvose izvi pano zvenzanga, uye nemumwe munhu anofanira kubuda akapfeka gemenzi guru (munoziva, kuimba mukwaya, munoziva), uye vakaiswa mishonga kwese muvhudzi nezvimwe zvose, uye nekupenda kwakawanda kumeso kwavo, uye vanoimba sezvandisakamboziva kuti chii.

<sup>126</sup> Pano kasiri kare, dai wanga usiri musangano waOral Roberts, chokwadi ndingadai ndakataura boka racho. Ndaive—ndaive kukonivhenisheni yeBusiness Men uye yakaitirwa... takanga tisina...manheru iwayo ndaizotaura. Havana kukwanisa kuuita imomo muhotera, zvino vakandiendesa ku—kuchivakwa chaOral Roberts. Zvino pandakanga ndakagara mukamuri yokuverengera yaOral, paiva neboka revana vechiPentekosti (oo, majaya nemhandara, makore gumi nematanhatu, gumi nemanomwe ekuberekwa, gumi nemasere) vose vakamira kunze uko; vangangoita makumi matatu kana makumi mana vavo vaizoimba imwe mhando ye—yechidiki... zvakanzwika kwandiri seimwe mhando yerwiyo rwekuvhurisa nemumwe munhu sezvinotaurwa naBecky, Tchaikovsky kana dzimwe dzemhando dzezvinhu zvakadaro; handizive, dzimwe dzemhando idzodzo dzenziyo, rwiyo rwakapomhodzwa. Uye hevanoi pano, hama dzaizotora mupiro mumusangano, uye mumwe nomumwe weivava akafamba uye aine kakomichi kaduku, vachiita sekunge vaive mapofu uye nenyambo dzose nekuenderera kwawati wakambonzwa, pakati pavo vakomana



nevasikana, uye vachingotaura zvese-zvese. Uye vasikana vacho vaine pendi yakakwana pavari, yaigona kunge yakapenda chivakwa chaOral, potse. Uye hapo pavaiva vakadaro, uye vachizvidaidza kuti “maPentekosti.” Vakarasikirwa nerudo rwavo rwekutanga!

<sup>127</sup> Chokwadi ndinowirirana naDavid duPlessis, “Mwari havana vazukuru.” Kwete, changamire! Tine vazukuru veMethodisti. Tine vazukuru veBaptisti. Tine vazukuru vePentekosti. Asi Mwari havana kana! Muri vanakomana nevanasikana. Haugone kupinda nokuda kwaamai vako kana baba vako nekuti vaive varume nevakadzi vakanaka, unofanira kubhadhara mubhadharo mumwe chete wavakaita. Unofanira kuzvarwa sezvavakaita. Mwari havana vazukuru zvachose. Uri mwanakomana kana mwanasikana; kana kuti, hausi muzukuru, ndechimwe chinhu zvechokwadi.

<sup>128</sup> Ndakaenda kumusangano ikoko, uye ivo ikoko . . .kune imwe chechi yePentecostal Assembly yakanaka. Vakomana, unofanira kuona madzimai iwayo vachimwararika pavanondiona ndichipinda; vane bvudzi pfupi iroro, rakagerwa, nezviya zvidiki zvekusapfeka zvakakwana, zvakaita sesochisi potse, munoziva, vakazvimbandikira mumadhirezi akadaro, madzimai echiPentekosti, vakapfeka zvinokwezva ruchiva.

<sup>129</sup> Uri kuzovzipindurira, paZuva reKutongwa. Uchava nemhosva yekuita upombwe, Jesu akati, “Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive, atoita upombwe naye kare mumwoyo make.” Uye kana iwe ukazviratidza kumurume wakadaro, ndiani ane mhosva? Iwe kana murume? Ita zvakanaka! Nzvenga chinoratidzika kuva sechakaipa! Maona? Saka hezvoka izvo.

<sup>130</sup> Chii chawakaita? Vakarasikirwa nerudo rwavo rwekutanga. Oo, waisagona kuvaisa pakona vaine tamborini kuti vaombere maoko avo nokurumbidza Mwari. Oo, kwete! Vaiimba imwe mhando yerwumwewo rwakapomhodzwa vakapfeka magemenzi pavari. Munoono, vakarasikirwa nerudo rwavo rwekutanga. Ndiro dambudziko nechechi yekutanga. Maona?

<sup>131</sup> Vanotongofanira kuita senyika. Vanofanira kupfeka senyika, kutaridzika senyika, kuita senyika. Uye vane nyanzvi yavo yavanoda yepaterevhizheni, munoziva, havatongogoni kurega kuiona. *Isu Tinoda Susie* kana chimwewo chinhu, munoziva, vanotongofanira kuiona. Vanogara kumba vasingaendi kumusangano wemunamato nezvimwe zvese kuti vaione. Kana vakasadaro, vanopopotera mufundisi wavo chaizvo, kuti avabuditse nenguva kusvika chirongwa ichocho chauya kuti vagokwanisa kusvika kumba kunochiona. Rudo rwenyika kudarika rudo rwaMwari!

<sup>132</sup> Oo, vakanyanyisa kuva vetsika, havagone kuti, “Ameni!” zvachose. Nhai, veduwee, zvingazovhiringa imwe yependi yekumeso. Maona? Havachina Izvozvo zvachose. Ndiyo

Pentekosti. Haisi Baptisti. Havana kumbobvira vava naZvo pakutanga, pre—Presbyteriani. Ndiri kutaura nezvePentekosti. Ndizvozvvo. Ndinoziva kuti zvinorwarisa zvikuru, hama, asi tinoda kuzvarwa kubva muchinhu ichi; zvinofanira kuunza rufu usati wava nekuzvarwa. Maona? Maona? Ichokwadi. Asi hezvoka izvo, wakasiya rudo rwako rwekutanga. Ini . . .

<sup>133</sup> Kana Mwari vaive nazvo vachipesana nechechi *iyi*, Vanazvo vachipesana *neiyo* zvakare! “Nekuti wakasiya rudo rwako rwekutanga, Ndinazvo zvandinopesana newe. Ndine chimwe chinhu chandinopesana newe, ndiko kunyunyuta kwaNgu. Wakambova nenguva yakanaka, asi wa—wakarega nyika ichtanga kuverevedza ichipinda mukati, uye wakatanga kuita zvetsika zvisihoma. Uchiri wakabata Zita raNgu, uye uchiri kuita zvinhu zvakakanaka, uye une kutsungirira kwakawanda nezvimwe zvakadaro, uye unoshingaira, wakafanana nenyurusi, unongoshingaira nekushanda.”

<sup>134</sup> Ini zvangu! Ini zvangu! Ini zvangu! Munoono, wakasiya nyasha nokutenda nesimba, kuti uzvitsinhanise nekushingaira nemabasa. “Zvakanaka, ndinokuudzai Hama Branham, ndi—ndinobatsira chirikadzi yese yandinogona.” Handiti, chinhu chakanaka, ndinokurumbidza nokuda kwazvo. Asi ko rudo rwekutanga rwawakambova narwo rwuripi? Uh-hum, uh-hum. Uripa mufaro wawaimbova nawo? SaDhavhidhi akambochema, “O Ishe, dzoreredzai kwandiri mufaro woruponeso rwangu.” Iripa misangano yeminamoto yehusiku hwese, nemisodzi pamatama ako? Nhai, veduwee, Bhaibheri racho ritori neguruva uye rine madandadzi paRiri. Unoverenga nyaya dzerudo dzekare, nenhau nezvinhu; uye nezvinhu zvisingatombofanire kubvumidzwa kuti zvizburitswe uye zvoiswa kunze sebhi—bhini, uye isu vanhu vechiPentekosti tongozvitora tongozvimomotera seboka renhunzi dziri pabhini remarara. Ndizvozvvo. Oo, nhai vedu! Chatinoda ndiko: Kudzokera kurudo rwedu rwekutanga! Kudzokera kuPentekosti! Oo, chiregai hangu ndibve ipapo. Zvakanaka. Asi, munonzwisisa, “Kusiya rudo irworwo rwekutanga.”

<sup>135</sup> Ndima 4, ndima 5 zvino. Yambiro, ndima 5, yambiro: “Rangarira utendeuke!” Maona?

*Naizvozvvo rangarira pawakawa, . . .* (Wakabva kupi? Kubva papentekosti wakadonhera pasi kusvika paupi zvino, uchidzokera shure) . . . *utendeuke, ugoita mabasa ako ekutanga*; (dzokera kupentekosti zvakare) . . . *kana zvikasadaro ndichauya kwauri nekukurumidza, ndobvisa chigadziko chemwenje kubva p-a-k-e . . .* (Muri kuona kuti ndiani, hamusi here?) . . . *panzvimbo pake, kunze kwokunge watendeuka.*

<sup>136</sup> Namamwe mazwi, kana uine mufundisi akazadzwa naMwari, akazadzwa noMweya Mutsvene, uye woedza

kumubata pasi pemunwe wako, woti, “Saka, kana akataura chimwe chinhu pamusoro pedu nezvekuva nekwaya yakapfeka magemenzi, kana akataura chimwe chinhu pamusoro pedu nezvekuzora pendi kumeso, tinongomudzinga chete.” Musanetseke, Mwari vanozviita musati wawana mukana wekudaro. Achabuda kunoparidzira matombo mumugwagwa asati arerutsa pane mhando yezvinhu zvakadaro. Uine mufundisi anonyatsokuudza Chokwadi, unofanira kukudza Mwari nokugara muMweya, nekunamata Mwari, uchicherechedza kuti ucharasika kana ukasadaro. Maona?

137 Asi vanhu vanorarama nhasi sevanoenda... ichi ndicho chinhu chega chaivapo, “kugara pano panyika, ndizvo zvoga.” Haucherechedzi kuti une mweya uchabva pano uye uchienda kune imwe nzvimbo. Uye unosimbisa kwauri kuenda ipo pano, mararamiro aunoita nemaitiro aunoita, kuchengeta zvigumbu, nehutsinye, nezvimwe zvose, uye wobva wamhanyira kuchechi. Oo, nhai vedu! Fiyuu! Unonyadzisa iwe.

138 Unounza kushorwa pa—pane chikonzero chaKristu. Handizvo here? Hatizviiti here? Vemashabhini havasi kukanganisa Chechi; handizvo. Hachisi chipfeve chiri kukanganisa Chechi. Ndevanhu vanozviti Makristu vari kukanganisa Chechi. Tinoziva zviri muzvinashabhini uye nezviri chipfeve. Kana hanzvadzi dzedu dzikapfeka sechipfeve, zvasiyana, *izvozvo* ndizvo zvinokanganisa Chechi. Kana munhu akanwa sechidhakwa chemushabhini, zvino, ipapo, ndizvo zvinokanganisa Chechi. Vari kupupura kuti Makristu uye vachiita izvozvo. Vanhu vanokutsvaka nezita iroro... “Regai uyo anongodoma Zita raJesu Kristu abve pachivi.” Maona? Iba pachiri.

139 Oo, tiri kukundikana chaizvo, hama. Ini, iwe, isu tose, tiri—tiri kukundika pane izvo Kristu anoda kuti tive. Uye ipo pano muzuva rino yave nguva yekuisa parutivi chivi chese chinotikanganisa zviri nyore, uye tomhanya nekutsungirira nhangemutange yatakaisirwa pamberi pedu. Vaparidzi, ndizvozvo, hama. Ndizvozvo chaizvo.

140 “Rangarira uye utendeuke, kana kuti Ndichabvisa Chiedza chenyeredzi kubva panzvimbo yacho.” Nzvimbo yacho ndeipi? MuChechi. “Asi kana ukasatendeuka uye nekudzokera kwawakange uri pakutanga, Ndichatora mufundisi wako ipapo kubva kwauri ndomubvisa panzvimbo yake; Ndichamuisa kune imwe nzvimbo uko zvake... uko kwaNdicharatidza Chiedza chaNgu chichapenya.” Hmm! Zvanga zvisina kudzama here?

141 Yasvika nguva yekuti machechi atendeuke. Yasvika nguva yekuti Pentekosti ibuditse vazhinji vevadzidzi vadiki ava vakakwenenzverwa kubva mumapurupiti, yoisa muparidzi wechinyakare imomo achakuudzai Chokwadi; kwete anokubhabhadzira nekushandisa chechi kuti awane muhora,

mihoro mikuru, nezvimwe zvakadaro, nezvepfungwa, nemijaho mishoma yamabhiza, nesvusvuro dzemuto, nezvimwe zvose. Yave nguva yekudzokera kuVhangeri. Handina basa kuti muri vashoma sei, “Apo pakaungana vaviri kana vatatu, Ndicha—Ndichava pakati pavo.”

<sup>142</sup> “Tendeukai, kana kuti Ndinouya ndobvisa chigadziko chemwenje; ndomuendesa kure, kumwewo kuti avhenekere chiedza chake.”

Zvino ndima 6. Zvino herino rimwe ratichaita dambudziko naro. Zvino, kunze kwekunge watendeuka, Achauya obvisa mufundisi.

*Asi ichi chaunacho, . . .*

<sup>143</sup> Zvino, rangarirai. Oo, musapotsa izvi zvino. Izvi zvichabatanidza zvimwe zvacho zvasara pamwe chete, zvichidzika kuenda zasi kune iri ratiri. . . zera ratiri mariri zvino. Munhu wese ari kunzwa zvakanaka, kutanga? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Muri kumhanyira here? [Ungano inoti, “Kwete.”] Zvakanaka, zvino. Zvakanaka, tsungirirai zvishoma zvino. [Imwe hama inoti, “Garai husiku hwose.”] Zvino. . . Ndatenda.

*Asi ichi chaunacho, (Vaive nechimwe chinhu ipapo, vakanga vasina here? Zvino, vakanga vanei?) kuti unovenga mabasa avaNikoraiti, andinovenga neniwo.*

<sup>144</sup> “Unovenga mabasa iwayo avaNikoraiti.” Ndakagara mukamuri yekuverengera nhasi kumusoro uko, ndanyora chimwe chinhu pano pamusoro pazvo, ndinoda kuti munyatsoteerera zvino, chiri mumapeji akati kuti pano. Ndimba 6, rumbidzo nezvakabvumiranwa; ndiko kuti, Mwari neChechi vakabvumirana pachinhu chimwe chete, kuti ivo “vaivenga mabasa avaNikoraiti”; Muzambiringa wechokwadi, Muzambiringa wechokwadi, Chechi yechokwadi yaiva muchechi iyi yeEfeso.

<sup>145</sup> Zvino, rangarirai, chechi imwe neimwe ine tsika dzayo uye chechi imwe neimwe ine zvemweya zvayo. Ndiwo mapatya anozvarwa murumutsiriro rwega-rwega uye anogara muchechi imwe neimwe. Akatangira muzera *iri* chairo uye ozogumira muzera *iri*. Uye pakupedzisira, vetsika vakaitora muZera reTiatira, Luther ndokuidhonza ichibuda kunze zvakare. Asi zvino iri kudzokera imomo chaimo zvakare. Unogona here kuona chitendero chiya chetsika? Hapana mutsauko pakati pachochi Katorike. Zvose chinhu chimwe chete. Sangano rose rinoponderwa mairi chaimo. Mwari havana kumbobvira vakaita Chechi yaVo sangano. Ndizvo chaizvo zvavaiedza kuita pano apa. Uye tarisai muone zvino kana zvisiri izvo, kungokuratidzai kuti sangano rakatukwa zvakanaka. Rakanga—rakanga risingazivikanwe neChechi itsva, Chechi yeTestamende Itsva. Maona?

*Asi...iwe...Asi ichi chaunacho, kuti unovenga mabasa avaNikoraiti, andinovenga neniwo.*

146 Muzambiringa wechokwadi waivenga mabasa etsika evaNikoraiti, naMwariwo zvakare. Aiva mabasa muChechi yeEfeso, muChechi yevaEfeso, akazova dzidziso muChechi yePergamo. MuEfeso, chechi yekutanga, chaive chiito, muChechi yaitevera chakava dzidziso. Muri kuzvinzwa here? Muri kuzvinzwisisa here zvino? Chakanga chiri chiito muEfeso, uye tarisai, kuno muPergamo chakazova dzidziso. Chakangotanga apa chiri muchimiro chekamwana kadiki. Zvino, munguva shoma tichaona kuti chaive chii. Hedzino *mhumhi* dzaPauro, “mabasa avaNikoraiti.”

147 Zvino chii...Ngatidamburei izwi iroro danho nedanho uye tione zvatawana tisati taenda mberi. Izwi rokuti *Nikoraiti* rakaita sechinhu chandisingazive. Ndakatora duramazwi rese rechiGiriki randai—ndaigona kuwana. Nikoraiti rinobva paizwi rokuti *Niko*, N-i-k-o. Mirai, ndinotenda kuti ndarinyora pasi apa. N-i-k-o, *Niko*, zvinoreva “kukunda kana kukurira.” *VaNiko-raiti*, “kukurira kana kukunda ungoro.” Chavaiedza kuita apa kwaiva kuedza kutora chechi uko Mwari vaiva nevaFundisi, uye neMweya waMwari uchifamba nezvipo muChechi yaMwari mupenyu, zvino, vakanga vari kuva nedzidziso iri kutanga yokuti vaizova navamwe vaprisita, namabhishopi, navanapapa, nevamwe vakadaro. Izvo, Mwari vakati, Vakavenga! Vanozvivenga nazvino nhasi. *VaNikoraiti*, (*Niko*, “kukunda”) kana, “kukurira ungoro.” *Ungano* ndiyo “chechi.” Vangani vanoziva kuti ungoro ndiyo chechi? Zvakanaka, “Kukurira kana kukunda, kana kutora nzvimbo yeungano.”

148 Nemamwe manzwi, kutora kuyera kwose, simba rose kubva kuchechi, voriisa pane vaprisita; “Vorega ungoro ichirarama nenzira yainoda, asi muprisita ndiye mutsvene.” Vachibvisa Mweya Mutsvene kubva kuvanhu nezviratidzo nezvishamiso zvichivatevera, uye vobvisa izvozvo vovapa huprisita hutsvene. Vachibvisa Mweya Mutsvene nekuUtsivanisa nehuprisita. Munoono zvazvaive? Zvaive...Pakupedzisira zvakazove...MuChechi *iyi* pano, aive mabasa; uye panzvimbo *iyi* akava dzidziso; uye Tiatira, yakatora chisimba. Zvino Luther paakabuda, haina kukwanisa kugara yakadaro, yakadzokera kwakare ndokutora chisimba zvakare: mabhishopi, makadhinari, maachibhishopi. Ndiani chaizvoizvo anova mukuru weChechi yaMwari kunze kwaIvo Vomene? Amenii! Fiyuu! Zvino ndava kunzwa manyukunyuku ekunamata. Mweya Mutsvene wakatumba kuzotonga Chechi; kwete muparidzi chete, ungoro yose!...muparidzi chete angove iye mutsvene, ndekuti, Chechi yose ine Mweya Mutsvene.

149 Uye pachinzvimbo cheIzvozvo, pachinzvimbo chekuva neMweya kuti uzviite, vakatora kahwendefu kadiki nebhiskiti,

netuwaini, vakazvitumidza kuti “*Yukaristi* tsvene zvinoreva ‘Mweya Mutsvene.’” Ko chirudzii kuti bhisikiti nechidimbu chewaini zvingave mweya? Zvino, kana—kana iriyo nzira, yamunofanira kuverenga Mabasa 2 seizvi: “Zuva rePentekosti rakati rasvika, heunoi muprisita wechiRoma ndokuuya achikwidza nenzira, zvino akati ‘Buritsa rurimi rwako kunze’ ndokuisa hwendefa ipapo, zvino iye ndokunwa waini, akati, ‘Zvino wava neMweya Mutsvene.’” Zvino, zvino tinofunga kuti zvakaipa kwazvo. Zvitori.

<sup>150</sup> Zvino ngatidzikei zasi; ndakagadzwa muchechi yeBaptisti, ngatitorei isu maBaptisti. Uh-huh. Hmm? VeMethodisti, tinoita sei? “Kana ukapupura kuti ‘Jesu Kristu Mwanakomana waMwari,’ watoponeswa.” Dhiyabhore anotenda kuti ndiYe Mwanakomana waMwari, uye anodedera paZviri; pamwe anotozvitenda kupfuura zvinoita nhengo zhinji dzechechi. Dhiyabhore anotenda chinhu chimwe chetecho uye anodedera, nokuti anoziva kuti aparara.

<sup>151</sup> Zvino tinozvitora nenzira yechiMethodisti, va—vanotaura kuti “Johane haana kubhabhatidza,” kuti, “akasasa.” Vakati, “Kwakanga kuine mbeva dzakawanda munyika, uye—uye mvura yaibuda ichibva munzvimbo dzacho. Uye aive negoko rezvisikwa zvemvura ndokupara—para mwena wembeva.” Uye vanotozviparidza izvozvo chaizvo. “Ndokuwana mvura mugoko rembeva iri, kana kuti goko iri rezvisikwa zvemumvura, kubva mumwena wembeva, ndokumwaya vanhu.” Hazvina maturo! Oo, hama!

<sup>152</sup> Saka, apa tichazvitora kuti, “Zuva rePentekosti rakati rasvika, vakange vari vose munzvimbo imwe chete, vari muhumwe. Zvino mufundisi ndokudzikako ndokuparidza mharidzo yakanaka, zvino akati, ‘Ndipe rutsigiro rwekuwadzana, uye tichaisa zita rako mubhuku.’” Hazvinzwiki sezakanaka, zvinodaro here? Unogona kuwana izvozvo... Hawaikwanisa kuzviwana izvozvo mualmanac, vaiziva zviri nani kupfuura izvozvo. *Ladies Birthday Almanac* yekare yakatonyanya kuva iri iyo kupfuura zvingave izvozvo.

<sup>153</sup> Saka, chii chakakonzero izvozvo, zvino? VaNikoraiti vachiunza boka revarume kuzomonyorora Gwaro, uye ndokuita sangano risingagoni kurega Mwari vachifamba mariri. Rinofira pakare ipapo! Akabva Ati apa, “Wakafa! Une ‘zita’ uri mupenyu, asi wakafa!” Vazhinji vavo, vakafa, uye havazvize.

<sup>154</sup> Ini nemunin’ina wangu tairedza, takanga tiri vakomana vaduku, kumusoro kuno. Zvino ndakabata kamba yemumvura yakare inoruma, zvino ndakadimbura musoro wayo; kuti ndiibvise patambo yechirauro, ndaisada kutamba nechinhu ichocho; ndokuikandira pamahombekombe ipapo. Zvino munin’ina wangu akauyapo, zvino akati, “Chii chawabata nguva yapfuura?”

Ndakati, “Kamba yemumvura.”

Akati, “Waitei nayo?”

Ndakati, “Iyo, irere, *apo*, uye musoro wayo urere kumusoro *uko*.”

Zvino akakwirako. Uye akati, “Yafa here?”

Ndikati, “Chokwadi! Ndapatsanura musoro wayo kubva pamuviri wayo, inofanira kunge yafa.”

<sup>155</sup> Saka akabva atora chimuti, ndokutanga kusveverera pasi kuti akandire musoro wekamba iyi murwizi, uye apo. . . kana kuti hova. Uye paakadaro, kamba yakare yakachibata nesimba. Munoziva, dzinoruma kweawa kana maviri. Akasvetukira kumashure, akati, “Nhai! Ndafunga kuti wati, ‘Yanga yafa.’”

Ndikati, “Yafa.”

Akati, “Nhai, haisi kuzviziva. Kwete.”

<sup>156</sup> Saka ndiyo nzira iyo zviru vanhu vazhinji: vakafa uye havazvize! VaNikoraiti! Oo, ini zvangu! Oo, Vakati, “Munovenga izvozvo.” Kutora vose vakazara, vaprisita vatsvene vakanaka, mukadhinari mutsvene, mubhishopi mutsvene.

<sup>157</sup> Uye vamwe venyu maPentekosti, “Mutariri mukuru, muregei adzike zasi. Mutariri mukuru, achakuudza kuti unogona kuva neshumiro yekunamatira vanorwara pano here kana kuti kwete. Ha, ha.” Hareruya! Mweya Mutsvene ndiwo inofanira kutaura izvozvo kana kuti kwete, Shoko raMwari roKusingaperi.

<sup>158</sup> “Saka, Hama Branham, tinotenda kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti ‘bhahatidzai muZita raJesu,’ asi mutariri mukuru akati kana tikatanga izvozvo muChechi yedu, aizotidzinga tose.” Enderera mberi. Ndizvozvo. Ndingasva hangu ndadzingwa kunze kuno pane kudzingwa kunze Ikoko. Saka, kana ukabvisa chero chinhu kubva muno *umu*, uchadzingwa kunze Ikoko, zvisinei, saka chitongodzingwa hako kuno. Kana akakudzingira kunze kuno, unokandirwa mukati Imomo. Saka ndicho chinhu chimwe chete, saka gara chaizvo naRo.

<sup>159</sup> Tinoda kuva takarurama. Oo, ini zvangu, chinhu chakakomba, hama. Tinofanira kugadzirisa chinhu ichi chiite zvakanaka. Hatife takakwanisa kuva neChechi kusvikira Mwari vawana nheyo yekuYiisa pairi. Havafe vakavakira Chechi yaVo pamusoro pemurwi wematakanana. Vanofanira kuuya paShoko raVo kana kuti haVatombuyi zvachose; chaipo paShoko raVo.

<sup>160</sup> Mumwe munhu, kasiri kare, kumusoro uko, akati, “Hama Branham, huyai kuno kuChautauqua.” Vangani vaive kuChautauqua? Nhai vedu, chingotaraisai pano, chikamu chimwe kubva muzvitatu chechechi kana kupfuura vaiva kuChautauqua. Izvo. . . Zvino, murume iyeye akasvikako masikati iwayo, uye mose makamunzwa, asingazivi kuti ndaizoziva nezvazvo. Mwari

vanogona kuzarura mukamuri kumusoro uko zvavari kutaura zasi uko, uye, munoziva, Vakatozviita. Ndokukwira kumusoro ikoko, ndokuti, “Zvino, Hama Branham, oo, muranda waShe. Kana Mweya uri pamusoro pavo, muporofita akazodzwa, chokwadi vanonyatsoziva, Mwari vanovaudza zvazviri uye nezvazvichava; asi dzidziso yavo yebhaibheri, musateerere kwairi.”

<sup>161</sup> Ipfungwa yakavhiringika sei! Munhu anogona sei kutaura zvakadaro! Nhai vedu, handisati...Zvakanaka, kana wanga usingazive musiyano webhinzi dzakatsemurwa nekofi, wai—waizoziva zviri nani kupfuura izvozvo. Ungambofunga sei nezvechinhu chakadaro? Sei? Handiti, shoko racho rekuti *muporofita* pacharo rinoreva “muzaruri weShoko waMwari.” Unogona sei...? “Shoko raShe rakauya kumuporofita.” Handina kumbotaura kuti ndaiva mumwe, vakazvitaure. Asi hezvoka izvo. Maona?

<sup>162</sup> Ko munhu, kungotsigira dzidziso duku yechechi pane imwe nzvimbo, nokuti sangano ravo haraibvumirana naZvo, kutengesa hudangwe hwako nekuda kwendiro yemuto, Esau, iwe munyengeri anonzwisa tsitsi! Ndizvozvo. Kutengesa hudangwe hwako nekuda kwendiro yemuto, nekuda kwechidyo chesangano, chidyo chesangano chinovengwa naMwari. Ingorangarira, unoti “sangano,” Mwari vanorivenga! Ndicho chinhu chakaparadzanisa hama, nekuputsa...Pane vazhinji maMethodisti, maBaptisti, nemaPresbyteriani, manheru ano, vanoda kuva nokuyanana patafura yaMwari. Asi kana vakadaro, vanodzvingwa kunze chaiko kekutanga kavanotanga mazviri. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>163</sup> “Amai vaive nhengo yeko,” uye vanongori muzukuru kutanga kwacho. Oo, ini zvangu! Handina basa kuti amai vaive vekupi, amai vakararama muChiedza chose chavaiva nacho muzuva ravo, uri kurarama mune rimwe zuva.

<sup>164</sup> Sainzi yakamboratidza, angangoita makore mazana matatu apfuura, nekutenderedza bhora richipotera zibhora guru, ndokuti, “Kana chero mota yaizomhanya zvinotyisa kwemamaira makumi matatu paawa, simba rinodhonzera pasi raizoisimudza kubva panyika nekuiendesha muchadenga.” Munofunga kuti sainzi nhasi inozvitenda izvozvo? Vari kumhanya mamaira chiuru nemazana mapfumbamwe paawa. Havasi kutarisa shure kuti vaone zvavakataura, vari kutarisa shure, vaone zvavanogona kuona vakatarisa mberi.

<sup>165</sup> Asi chechi inogara ichida kutarisa kumashure, kuona zvakataurwa naWesley, zvakataurwa naMoody, zvakataurwa naSankey. “Zvinhu zvose zvinogoneka kune vanotenda,” ngatitarisei mberi! Chinhu bedzi chiri muBhaibheri chaitarisa kumashure...Unoziva kuti imhandoi yemhuka inogara yakatarisa kumashure? Hupenyu hwakadereresa huripo.



Vangani vanoziva kuti hupenyu hwakadereres a huripo hunofamba chii? Datya. Datya ndiro hupenyu hwakadereres a huripo, uye munhu ndiye hupenyu hwepamusoro-soro huripo. Zvino datya rinotarisa kumashure. Handifarire hupenyu ihwohwo hwekare hwakaderera. Ndinoda kutarira mberi, ndichitenda, ndichivimba, ndichifamba muChiedza sezvaAri muChiedza, ameni, paAnenge achivhenekera Chiedza.

<sup>166</sup> Imwe nguva zasi kuKentucky ndaiva nemusanganano, mumwe muchinda mutana akabuda, zvino akati, “Oo, handitendi kuporeswa ikoko.”

Zvino ndikati, “Saka, zvakanaka, uri wemuAmerica.”

Akati, “Ini—ini handitendi chero chinhu kunze kwekunge ndachiona.”

Zvino ndikati, “Saka, zvakanaka.”

Akati, “Zvino, handina chandinopesana nemi, asi ini—ini handitendi zvamuri kutaura.”

Ndakati, “Ikodzero yenyu pachenyu yemuAmerica, hamusungirwe kudaro.”

Akati, “Zvino, handimbobvume chero chinhu kunze kwekunge ndichichiona zviri pachena.” Hmm!

Ndikati, “Saka, zvino ini . . . zvaka—zvakanaka, munofanira kunge muchibva kuMissouri.”

Akati, “Kwete, ndiri wekuKentucky.” Fiyuu!

“Hazvinzwiki sezvakanyanya kunakira Kentucky,” ndakadaro. “Asi, zvakadaro,” ndakati, “kana imi . . . iriyo nzira yamunofunga nayo, imi endererai mberi.” Zvino vakati—vakati . . . Ndakati, “Muchaenda sei kumba?”

<sup>167</sup> Vakati, “Ndiri kuenda mhiri kwechikomo. Ndinogara kuseri . . . Saka, handeika ikoko neni.” Murume akanaka. Vakati, “Handei kumba neni, mugare usiku hwose, Hama Branham.”

Ndakati, “Ndinoshuvira kuti dai ndaigona, hama.” Asi, ndakati, “Ndiri kukwidza kumusoro kuno nababamunini vangu.” Uye vakati . . . Ndakati, “Munoda kutyairako here?”

Akati, “Kwete, ndinofanira kukwidza kumusoro mhiri kwechikomo kumusoro uko, kukwidza nenzira iyi, nokudzika nepahova, ndokwidza,” munoziva zvazviri zasi ikoko.

Zvino ndikati, “Saka,” ndakati, “muchasvika sei ikoko?”

Vakati, “Ndiri kukwidza nekanzira uko.”

“Inga,” ndakati, “hamugoni kana kuona ruoko rwenyu pamberi peny u.” Ndakati, “Muchaenda sei kumusoro ikoko?”

Vakati, “Ndine mwenje!”

Zvino ndakati, “Saka, munoita sei . . . Munoita sei, munobatidza mwenje iwoyo uye mobva mafamba nawo here?”

Vakati, “Hongu, changamire.”

Ndakati, “Pamunobatidza mwenje iwoyo, munogona here kuusimudza mudenga seizvi? Ndingada kuona imba yenyu.”

Vakati, “Hamugone kuiona.”

Ndikati, “Zvino muchasvika sei ikoko?”

“Oo,” vakati, “Ndichangobatidza mwenje; uye pandinofamba, iwo . . . Ndinongofamba apo chiedza . . .”

Ndakati, “Ndizvo zvacho. Amen! ingofambai muChiedza.”

<sup>168</sup> Ingoramba uchifamba! Usamira, hakuna kwaunosvika. Kana wakaponeswa, famba uchienda kunocheneswa. Unoti, “Unosvika seiko ikoko?” Chingoramba uchifamba. “Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwuri mushure mekucheneswa here? Ndinouwana sei?” Ingoramba uchifamba muChiedza. “Ko zviratidzo, zvishamiso, neminana . . .?” Chingoramba uchifamba muChiedza. Maona? Chingoenderera mberi! Pose paunotora nhanho, Chiedza chinovetukira mberi kwako zvisoma, nokuti Anogara ari mberi kwako nguva dzose. Haasunde, Anotungamira. Ndiye Chiedza. Oo, ndinofara kwazvo nazvo. Hamudaro here? Ndiye Chiedza, maAri hamuna rima.

<sup>169</sup> “Unovenga mabasa avaNikoraiti.” Akazova dzidziso. Zvino ngationei izvo Pauro . . . Zvino, izvo chechi . . . Ndiani akavamba chechi iyi zvino? Pauro, Efeso.

<sup>170</sup> Ngativhurei zvino kuna Mabasa chitsauko 20, kwechinguvana chete. Muna Mabasa chitsauko 20, uye tione izvo Pauro . . . Munotenda here kuti Pauro aive muporofita? Chokwadi, akanga ari. Zvirokwazvo, akanga ari. Munorangarira husiku huya chiratidzo pagungwa raive nedutu, nezvimwe zvakadarwo? Zvino, . . . uye nezvose pamusoro pazvo. Zvino chitsauko 20 chaMutsvene . . . chaEkso- . . . Mabasa, uye ngatitangirei zvino pa—pandima 27, uye nyatsoteererai zvino tichiverenga. Zvino, yu ndiPauro, muporofita, ari kufanotaura zvaizoitika.

*nekuti handina kumborega kukuratidzai zano rose raMwari.*

<sup>171</sup> Murume iyeye akaropafadzwa! Oo, ndinoda kumira ipapo zuva iroro ndotarisa korona iyoyo yevanofira chitendero ichiiswa mumusoro make. Kana kuine chinhu chakadarwo chekuti ndinogona kuchema, ipapo ndichachema. Ndichadanidzira, ndichiona Pauro.

Kuona Mutsvene Pauro, muapostora uya mukuru,  
Nenguwo yake yakabwinyiswa uye yakanaka;  
Uye ndine chokwadi kuti kuchava nevamwe vachadanidzira  
Kana tose tasvikako. (Hamudaro?)

172 Zvino:

...*handina* kumborega kukuratidzai...zano rose  
raMwari.

173 Ndizvo here? Zvino, Makristu, tarisai kuno uku; ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Ndiani akaraira vanhu vakanga vabhabhatidzwa neimwe nzira isiri neZita raJesu Kristu kuti vauye kuzobhabhatidzwazve zvakare? [Ungano inoti, “Pauro.”—Mupepeti] Akaparidza zano rose. Ndizvo here? Oo? Uye Pauro akati chii muna...Ndinotenda kuti yaive...Handina chokwadi zvino kana iri VaTesaronika chitsauko 1 uye ndima 8 here. “Kana isu kana mutumwa anobva Kudenga akaparidza chero rimwewo vhangeri, kana mutumwa akaburuka kubva Kudenga uye akaparidza rimwewo vhangeri kunze kweiri” (kunze kwekuraira vanhu kuti vabhabhatidzweze muZita raJesu Kristu, neVhangeri rakaparidzwa naPauro)...“Kana chero mutumwa anobva Kudenga” (kwete...kuzotiwo zvake mubhishopi, kana kadhinari, kana mutariri mukuru, kana mufundisi, kana—kana chimwe chinhu)...“Kana mutumwa akaburuka kubva Kudenga akaparidza rimwe vhangeri kunze kweiri, ngaave akatukwa.” Ndizvozvo. Ndizvo here? Zvaakataura, ndiVaGaratia 1:8. Ndakangokaruka ndaifunga. Zvakanaka, VaGaratia 1:8, kana muchida kuinyora pasi, kuona zvakataurwa naPauro.

174 Zvino, pano anoti... Zvino 27, ndinotenda ndima 27:

*nekuti handina* kumborega kuratidza kwamuri...  
zano rose raMwari.

175 Zvino teerera kuti ichi... Ichi chiporofita:

Naizvozvo *zvichenjererei imi*, nekuboka *rose*,  
*pamusoro...iro Mweya Mutsvene...wakakuitai*  
*vatariri, kuti* mupe zvokudya *kereke yaMwari*,  
*yaakatenga neropa rake.*

176 Ndiani akatenga? Raiva ropa raani iroro? Bhaibheri rakati raiva Ropa raMwari. Mwari, neRopa raVo ivo. Ndizvo here?

...*ipa* zvokudya *kereke yaMwari, yaakatenga neropa*  
*rake.*

177 Bhaibheri rakati takaponeswa neRopa raMwari. Maizviziva here? Zvirokwazvo, Rinodaro. Zvakanaka:

...*akatenga neropa rake.*

Nekuti *ndinoziva izvi, kuti* mushure mekuenda  
kwangu mhumhi dzinoparadza dzichapinda *pakati*  
*penyu, dzisingaregi boka.*

*Napakati penyowo... (Tarisai, murume iyeye aigona*  
*kutarisa zasi nemazviri uye oona chinhu ichocho*  
*chichiuva.)...napakati penyu momene pachamuka*

*varume, vachitaura zvinhu zvinopesanisa, kuti vakwezve vadzidzi vavatevere.*

178 [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Makore akazotevera paai...Kana kuti boka revarume vanoda kuita sangano uye votora ku—kuyeresana neMweya Mutsvene kubva muchechi, zvino vozviisa pamabhishopi nanapapa nevaprisita, kuti...vachava vatsvене, uye ungoro ichirarama nechero nzira ya—nzira yavanoda. Uye vanobhadhara vaprisita uye iye anovanamatira kuti vabude mugehena, nezvimwe zvose zvakadaro. Uye chiNikoraiti! Uye Mwari vakati, “Ndinochivenga!” Zvino teerera.

“Regai ndione, uye munoti, ‘Mwari vakati Vaichivenga?’”

179 Zvino ngationei kana Vakadaro:

*Asi ichi unacho, kuti unovenga mabasa avaNikoraiti, andinovenga neniwo.*

180 Mwari vanovenga sangano. Ndizvo here? Zvino munooona chaizvo zvavaizoita, munooona zvavakaita. Zvino tarisai zvichidzika nemuchechi kana vasingadaro. Vanovenga sangano!

*Uyo ane nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke; . . .*

181 Zvino, *mhumhi* dzaPauro dzakange dzave “chiNikoraiti.” Vaiedza kuumba huprisita sehuprisita hwekwaRevhi, hwaive husiri mudzidziso yeTestamende Itsva. Amen! Izwi rokuti *Niko*, izwi rechiGiriki rokuti *Niko* rinoreva “kukurira, kukunda.” Kukunda chii? Ungano, Mweya Mutsvene. Kubvisa muchechi Ishe Jesu vakamuka nezviratidzo nezvishamiso pakati pevatiendi, nokuisa vanhu vakavhoterwa kuti ave papa, kana wenyama...kadhinari, kana kuti mutariri ari kuedza kubvisa Mweya Mutsvene kubva muungano kuti aipe kuhurongwa hunonzi hurongwa hutsvene hwevanhu, achivaisa *pamusoro* peungano; kwete kuvadaidza kuti *vafundisi* zvinoreva “vafudzi,” asi *baba*; apo Jesu akati, “Usadaidza munhu kuti ‘baba’ panyika pano.” Munooona chinhu chakaipa ichocho? Uye takaitei?

182 Oo, dai taigona kumira. Ndinoshuva kuti dai tisina husiku hwese uhwu hwakabatanidzwa sezvizvi, ndinoda kutora mangwana manheru pachitsauko 12 chaZvakazarurwa ndokuratidzai chipfeve chiya chakare chigere kumusoro uko, mhombwe. Uye iyo...chikonzero yaive, nokuti yakanga yaita upombwe...naMwari, ikazvidaidza pachayo kuti chirikadzi, uyewo yakanga iri mai vemhombwe. Ndizvo here? Zvino, tinoziva kuti yaiva iri Roma, nokuti yakanga igere pamusoro pezvikomo zvinomwe, uye zvose zvingori saizvozvo chaizvo, murume ari mairi uye ndiyo nhamba yechikara, nezvimwe zvakadaro. Isu tese tinozviziva izvozvo kubva pane zvidzidzo zvapakafuura, kuti aive ani. Asi chinisiririsa chazvo, yaive mai

vemhombwe. Ndiwo mavambo ayo apa chaipo, yakatangira muRoma seboka reMakristu, vanongonziwo Makristu.

183 Teererai! Mwari ndibatsirei kuti ndizviite zvmazvirokwazvo! Boka reMakristu muchechi yakadai. Vakava vetsika, nokusava nehanyn'a, vakabuda vachibva, zvino ndokuzvigadzirira sangano. Uyezve ndokubatanidza izvozvo, muZera reRima, nehurumende. Zvino hurumende nechechi zvakava chimwe chii? Chechi yeChikristu, yainzi “chechi Tsvene yeKatorike”, (Izwi rekuti *Katorike* ndiro, izwi rinoreva, “pasi rose”), “chechi huru yeChikristu yepasi rose.” Ndokudaidza vanhu vaitaura nendimi, nekudanidzira, nekupodza varwere, nezvimwe zvakadaro, “vatsauki pachitendero.” Uye pakupedzisira ndokuzviita kuti zvimanikidzirwe chaizvo kusvika pokuti ani naani aibatwa achinamata nenzira iyoyo, akakandwa mugomba reshumba, kana vakasagamuchira chiKatorike. Zvakaenda kwemazana ose aya emakore kareko ekutambudzwa ikoko. Asi Chechi iyoyo haina kumbobvira yafa. Haukwanise kuLuraya. Mwari vakati Yaizorarama kusvika kumagumo uyezve VazoIpa korona yeHupenyu. Ndokuuya ichidzika nemumazera iwayo ekutambudzwa.

184 Zvino kwakauya Martin Luther kuti aenderere mberi nezera ndokubva abuditsa chechi iri pasi pekururamiswa. Chii chakaitika Luther paakafa? Vakaita sangano, vakaita chechi yeLutherani; vakava nedzidziso. Pavakaita sangano, vakaitei? Vakaibereka ichidzokera chaimo muchiRoma zvakare. Ndizvo chaizvo.

185 Ndokubva Mweya Mutsvene wabuda mairi zvino Wesley akaUona. Zvino Wesley, naWhitfield, naGeorge Whitfield, nevamwe vazhinji vava, na—naAsbury, uye vazhinji vavo vaive vamutsiridzi vakuru. Vakaponesa nyika muzuva iroro. Vakava nerumutsiriro muZera iroro reFiradherfia rakaponesa England, neUnited States zvakare. Vakaita misangano uko kwavakadzanga nekushevedzwa kuti “vaumburuki vatsvене.” Imi maMethodisti maive, muchiita izvozvo; vaiwira pasi vari pasi pesimba raMwari, uye vaikanda mvura kumeso kwavo uye vovafefetedza nemhepo. Ndizvozvo. Uye vaigwinha-gwinha zvakasimba kwazvo pasi paro, kusvikira vaizo...kusvikira vakati “vaigwinha.” Paiva nevanhu vaigwinha nekuzunguzika vari pasi pesimba reMweya Mutsvene. Iyoyo inhoroono yeMethodisti. Kubva ipapo kwakauya maQuaker nevamwe vakadaro; avo zvino vakazviita sangano.

186 Vakagadzira Methodisti *iyi*, Primitive Methodisti, nemhando *iyi* yeMethodisti, nemhando *iyi* yeMethodisti, kusvikira yaderera pasi kwazvo kusvikira vanhu veMethodisti voda kubvisa “Ropa” kubva mumabhuku avo enziyo.

187 Pano humwe husiku, pachirongwa chepaterevhizheni (Amai vangu vakandidaidza.) vaiva nemufundisi weMethodisti, imo

muno muIndiana, achidzidzisa rock-and-roll muchechi. Akati, “Zvinonyadzisa kuti tatadza kuona humhizha hwakanaka uhu hunopinda muchechi.”

<sup>188</sup> Ndidhiyabhore ari mumuporofita wenhema! Ndizvo! Handidi kurwadzisa manzwiwo ako asi, hama, iChokwadi chaMwari. Ndingasva ndakushatirisa zvishoma nenzira iyi zvino ndokuita kuti unzvere Rugwaro, pamwe wogadzirisana naMwari, pane kuti urasike pakupedzisira. Unogona kusandifarira izvozvi, asi rimwe zuva uchandimbundira neruoko rwako, woti, “Hama Branham, ndicho Chokwadi.” Hezvino izvi ipo pano, uye nokupinda kwavo mune izvozvo. Ndiko kwavano. . . Zvingoripo chete. Bhaibheri rakati vaizozviita.

<sup>189</sup> Zvino kubva kuna Wesley, kana Wesley akaita izvozvo, zvino ndokuzouya maPentekosti. Uye vakawana kudzoreredzwa kwezvipa, vakatanga kutaura nendimi, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

<sup>190</sup> Sezvakangoita tsanga yekoroni inobuda muvhu. Chekutanga, inoora. Yoburitsa tsvi tushoma. Zvino ino. . . Une munda wekoroni, unofunga. Tsvi iyoyo inokura yoita muchekechera. Iyi yekutanga, yaive Lutherani. Muchekechera, waiva chii? Methodisti; mukume, rudo rwehama, kuvhangeri, mukume ichienda mune vamwe.

<sup>191</sup> Handiti, kunyange zvisikwa zvinotaura nezvemazera echechi aya. Methodisti ichibuda munyonganyonga. . . kana kuti, ndinoreva, Lutherani ichibuda munyonganyonga. Methodisti ichizunza rudo rwayo rwehama, nezuva rekuvhangeri, ne—nezuva re—remamishinari. Zuva gurusa remamishinari rakati rambozivikanwa pasi rose raive nguva yeMethodisti. Ndizvozvo. Ichizunza mukume wayo.

<sup>192</sup> Chii chakaitika kubva ipapo? Kubva mumukume uyu makabuda chikwande chekoroni, maPentekosti. Tsanga, yakangoita zvimwe chete seyakapindamo. Kwete shizha, kwete muchekechera, asi tsanga. Uye zvino ma—maPentekosti ane chakumvumvu chiri pese-pese patsanga iyoyo, kusvikira iyo. . . haugone kana kuona tsanga zvachose. Yasvika nguva yekuichenesa! Amen! Vakaiti? Vakaiti? Vakaita zvimwe chete zvakaaitwa nemaMethodisti. Mumwe akavaita boka resangano, vakati, “Tiri veAssemblies of God.” Mumwe wacho, “Isu tiri Pentecostal Holiness.” Mumwe vacho, “Isu tiri veOneness.” “Tiri veTwoness.” Uye—uye kune vakawanda *veizvi*, uye vakawanda kwazvo vavo. Ini zvangu! Vakatasva ngamera ine nyundwa imwe, nyundwa mbiri, nyundwa nhatu, zvose hazvo. Oo, pane masangano makumi matanhatu, kana makumi matatu, kana makumi mana akasiyana awo.

<sup>193</sup> Vakaiti? Vakaikanda ichidzokera muchiRoma zvakare, ndokubhabhatidza nerubhabhatidzo rweChechi yeRoman Katorike. Ndinokumbira chero muPentekosti kuti andiratidze

chero munhu muBhaibheri akabhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Ndinokumbira chero bhishopi, kadhinari, chero mudzidzisi, kuti andiratidze pazvakambofa, zvakamboitwa kunze kwemucheche yeKatorike. Uye Luther akakuunza pamwe naye, akaunza katekizimo nezvimwe zvose kubva mairi. Methodisti yakaenderera mberi nazvo. MaPentekosti, munofanira kunyara! Zvichenesei! Dzokai kuShoko! Tendeukai kana kuti Mwari vachabvisa chigadziko chemwenje kubva pamuri, Chiedza chamunacho. Amen! Zvakana.

<sup>194</sup> Kubuditsa Mweya Mutsvene kunze seMutungamiriri, nekuvapa hurongwa hutsvene hwevanhu, uye vovaisa pamusoro peungano. Uye havavadani kuti “mufundisi, vafudzi,” (Tinofanira kunzi *vafundisi*, “vafudzi,” zvinoreva izwi rokuti *mufundisi*.) asi “baba, kadhinari, bhishopi mukuru, kana mutariri mukuru.” Vechokwadi vaivenga chinhu ichi! Uye Mwari vakabvumirana navo, uye vakati, “Ndinochivengawo, zvakare!” Nokuti ndiVo vanofanira kuva vari mutariri mukuru, achibhishopi, napapa. Vanoshanda nemunhu woga-woga; kwete sangano, asi munhu.

<sup>195</sup> Zvino, zvinoshamisa... Teererai, tichisvika pakunovhara. Tine imwezve ndima imwe chete.

<sup>196</sup> Pano tine dzidziso yemavambo echiKatorike, kutsivana kwevaapostora. Vangani vanozviziva? Chiapostora. Zvino Katorike inotaura kuti “Papa nhasi ndiye mutsvi waPetro, kutsivana kwevaapostora.” Hakuna chinhu chakadaro. Ko sei chishuwo chako chenyama, chekusangana pabonde... Zvakafamba sei kuti Esau naJakobho vari vaviri vakaberekwa nababa vatsvene namai vatsvene, uye mumwe wavo ari Mukristu uye mumwe wacho ari dhiyabhore? Uh-hum. Zvingadaro sei? Nokuti chivi chivi, uye kusangana pabonde kusangana pabonde, asi Mwari vanopa Kuberekwa.

<sup>197</sup> Mwari vanotisarudza kubva pakuvambwa kwenyika. Maizviziva here? Mirai kusvikira tasvika patinoverenga vanyori venhoroondo ava, uye tarisai kuti Irenaeus... kuti anorumbidza sei Mwari nokuda kwekumusarudza nyika isati yavambwa; kuti Mutsvene Martin navose avo, vachiVapa rumbidzo; Mwari, rumbidzo. Akati, “Nokuti...” Uye vanhu vachitaura nezvake, vachiti, “Akasarudzwa nyika isati yavambwa.” Ndiro Gwaro. Hama idzodzo dzakanga dziri mugwara naMwari. Asi chechi nhema iyi yakare yakauya nemumakore chiuru nemazana mashanu iwayo emaZera eRima, ndokusvibisa chinhu chose serambi riri kupfungaira, richivharidzira Zviedza. “Asi kuchava neChiedza nenguva dzamadekwana,” Ishe vakadaro.

<sup>198</sup> Kutsivanisana kwevaapostora, mumwe mushure momumwe; papa mumwe, uye unofanira kunge uri mudzinza ranapapa usati wakwanisa kuva papa. Oo, ini zvangu, ini zvangu! Hazvina

maturu. U—ungano. . . Kwete mutsvene uye akarurama, asi. . . regai. . . regai—regai vaprisita vavanyengerere nekuvabuditsa muzvivi zvavo, vachivakanganwira zvivi zvavo, vachibhadara mari yokureurura.

<sup>199</sup> MaProtestanti vanoita zvimwe chetezvo! Vanoedza kuva. . . vanobhabhadzira mufundisi wavo kumusana vorarama senyika yose. Uye haana kana chaanoziva nezvaMwari kupfuura zvaanoita. . . ovarega vachigara muchechi yake uye ovadaidza kuti nhengo dzechechi yake, uye achivarega vachigara imomo nekuvataurira kuti vakaponeswa. Vachaodzwa mwoyo sei pazuva iroro kana vasina kuberekwa patsva! Usina Mweya Mutsvene wakarasika. Hapana munhu anogona kuti, “Jesu ndiKristu,” kunze chete noMweya Mutsvene.

<sup>200</sup> Chechi yechokwadi paEfeso haina kunyengerwa nekutaura uku kwakakwenenzverwa, kwenjere. Iye. . . Vakazvivenga. Vakanga vasina kunyengerwa, vanoiziva; Chechi yechokwadi yakanga isina.

<sup>201</sup> Chizaruro chenhema chaive nemachinda aya, vainzi vaNikoraiti, vaisabatirana neShoko raMwari. Ndiudzei kwamunomboona “muprisita ari mukureurura” kwakadzidziswa muBhaibheri pano. Ndepapi pamunomboona “kusasa” kuchidzidziswa muBhaibheri pano kuitira kuregererwa kwechivi? Ndepapi paunomboona munhu achibhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene” kuti uregererwe chivi chako? Wakambozviona kupi izvi, “Kugamuchira munhu muruwadzano, nekuisa zita ravo mubhuku rechechi” imomo? Ndepapi paunomboona zvinhu zvese izvi? Chii ichocho? Huprisita kana va—vafundisi vasina kumira zvakanaka neShoko, uye vari vaNikoraiti, zvino Mwari vakati, “Ndinovavenga!” Dzokerai kuShoko. Oo, ndizvo. . . Ndinoziva kuti zvakasimba, hama, asi ini—ini—handizvidavirire; kuna Jesu, pikisana naYe.

<sup>202</sup> Chizaruro chenhema, chisiri muShoko, asi, vakavadana kuti “varevi venhema, vaapostora venhema, vaporofita venhema.” Asi Chechi yechokwadi yakabatirira padzidziso yepakutanga yaMutsvene Pauro nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nezviratidzo zvichitevera nekusimbisa Shoko rakadzidziswa naPauro. Amen! Ndiratidzei apo Mwari vachambofa vakasimbisa shoko rekusasa. Ndiratidzei apo Mwari vachambofa vakasimbisa, nekuunza kutaura nendimi nezvinhu zvikuru, nokungokwazisana maoko nemufundisi pane imwe nzvimbo nekuisa zita rako mubhuku; uye uchiri kutsenga, kusvuta, kunwa, kutaura nhema, mapati emakasa, kuva netumafaro tushoma, kuenda. . . Oo, nhai vedu! Muporofita ari munyama, wenhema, shamwari. Hongu, changamire.

<sup>203</sup> Nzira yaMwari ndihwo hutsvene. Izvi ngazvivizikanwe kunhengo yese iri pano yeMutumbi waKristu: kusvikira



wararama hupenyu hutsvene, Mwari vanoramba chibayiro chako. Chibayiro chinofanira kupiriswa nemaoko matsvene. Ndiko...?....ndizvo. Muprisita mukuru asati atombopinda kuzopirisa chibayiro, aifanira kunge ari mutsvene, nekuzvipira, nekuzodzwa, nekuiswa zvinonhuwira, nezvose, asati atombokwanisa kufamba achipinda muhupo hwaMwari kuti apirise chibayiro. Ndizvo here? Zvino ungabuda sei kunze kuno wononyengera, nokuba, nokukakavara, nokurwa nevavakidzani vako, nezvimwe zvose, woendera nenzira yaunoita, wobva wazopinda woti, “O Ishe Mwari! Jesu ngaarumbidzwe! Hareruya!”?

<sup>204</sup> Vanhu vanoti, “Ndinovaona vachitaura nendimi.” Izvozvo zvakadaro hazvirevi kuti vane Mweya Mutsvene. “Ndinovanzwa vachidanidzira.” Izvozvo zvakadaro hazvirevi kuti vane Mweya Mutsvene. Mweya Mutsvene ndiwo hupenyu.

<sup>205</sup> Bhaibheri rakati, “Mvura inonaya inouya panyika nguva nenguva, kuigadzirira, kuishongedzera izvo zvayakagadzirirwa,” (VaHebheru 6) “asi minzwa norukato zvava pedyo nekuraswa, magumo azvo anova kupiswa.”

<sup>206</sup> “Zuva rinovhenekera pamusoro pevakarurama nevasakarurama. Mvura inonaya pamusoro pevakarurama navasakarurama.” Mvura inouya kuzoita chirimwa chegorosi (ticharidana), nesora rose riri mumunda. Kana gorosi rine nyota, zvadaro sora rine nyota. Uye mvura imwe chete inonaya inodiridza gorosi, inodiridza—inodiridzawo masora. Gorosi duku rakare rinosimudza musoro waro rodanidzira, “Ishe ngavarumbidzwe! Hareruya! Hareruya! Ndinofara kwazvo kuwana mvura iyi!” Sora duku rakare rinodanidzira, “Kubwinya kuna Mwari! Mwari ngavarumbidzwe! Hareruya! Ndinofara kuiwana.”

<sup>207</sup> “Asi nezvibereko zvavo muchavaziva.” Ndizvozvo. “Muchavaziva nezvibereko zvavo.”

<sup>208</sup> Ndima 7, uyezve tave kuvhara, ino ndiyo yekupedzisira yezera rechechi. Zvino tichanonoka zvingangoita maminiti mashanu, kana gumi, kwechinguvana.

*Uyo ane nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke; Kuna iye unokunda ndichapa kuti adye pamuti wehupenyu, uri pakati peparadhisu yaMwari.*

<sup>209</sup> Zvino tarisai, shamwari, heino nzira yamunokunda nayo. Kutanga unofanira kukunda, zvadaro unozogona kudya muchero. Ndiye mukundi. Munorangarira here humwe husiku, dzidziso yedu nezuro manheru? Johane aifanira kupinda muMweya asati aona chero chinhu. Uye kuti uchagara sei, uchiti, “Kana asiri muBaptisti, handisi kuzonomuteerera?” “Kana asiri muPresbyteriani, handisi kuzonomuteerera.” “Kana akasadzidzisa chaizvoizvo zvinodzidziswa nechechi yangu,

ini...” Iwe—iwe—iwe hausi kuzokunda, hausati wapinda muMweya nazvino. Wakabuda muhurongwa.

<sup>210</sup> Pinda muMweya, woti, “Ishe Jesu, ndinoKudai, zvino ndizarurirei chero chinhu chaMunoona chakakodzera, ingochiunzai kwandiri.” Zvino uri—zvino uri kubva waita wakanaka. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>211</sup> Cherechedzai, katatu Bhaibheri rinotaura nezve—zveMuti weHupenyu muna Genesi, katatu muBhuku raZvakazarurwa. Rimwe zuva takava nazvo. Munorangarira? Svondo, nezuro. Chete...Dhiyabhore anovenga chikamu chose cheRugwaro chiripo, asi anovenga, zvakanyanyisa, Genesi naZvakazarurwa. Anorwisa Genesi nokuda kwechokwadi chayo, nokuti anoda kuita kuti vanhu vatende kuti Yakanga isina kudaro; “Genesi haina kuuya nenzira iyo Mwari vakataura kuti vakadaro, vaive nechimwe chinhu chakakonzera kusikwa uku uye nechinhu.” Zvino anoIrwisa nenzira iyoyo. Uye anobvisa vanhu kubva kuna Zvakazarurwa nekuti Inozarura: Jesu ari Mwari, uye iye ari dhiyabhore (uye akatoparara), uye kubwinya kweChechi yakacheneswa ichienda kumusha kuna Mwari, nokuparadzwa kwemuporofita wenhema, uye navose vanoreva nhema uye vanoita zvinhu zvose vachakandwa mudziva remoto. Hazvishamisi kuti anovadzivisa kubva kwaRiri. Asi, rangarira, nzvimbo dzose dziri mbiri dzinotaura nezveMuti weHupenyu muParadhisu.

<sup>212</sup> Zvino ngatitorei izvi kweminiti chete, uye zvino “Muti.” Mutsvene Johane chitsauko 6, kana muchida kuinzira pasi, Jesu akati, “Ndini chi—chi—Chingwa cheHupenyu.” Zvino, rangarirai.

<sup>213</sup> Zvino tichashandisa mbiru mbiri idzi semufananidzo pano. Saka, tisati tavhara, zvino. Zvino, kuruoko rwangu rwerudyi ndiwo muti uri mubindu unonzi Muti we “Hupenyu,” kuruoko rwangu rweruboshwe ndiwo muti uri mubindu unonzi muti we “zivo.” Vangani vanoiziva kuti Bhaibheri rinotaura kuti kune Muti weHupenyu nemuti wezivo? Zvino, munhu aifanira kurarama neMuti weHupenyu uyu, orega kubata muti wezivo. Ndizvo here? Zvino nguva yokutanga yaakaubata, akazvipatsanura kubva pane Musiki wake. Akarasikirwa neyanano yake—yake naMwari paakaruma zivo kekutanga. Zvino, funga zvakasimba zvino. Uye imi muri kunzira zvinzira zvenyu, ndichakupai nguva yekuti muzviwane, nekuti handidi kuti mupotse izvi.

<sup>214</sup> Jesu, muna Mutsvene Johane 6. Vakanga vachinwa kubva muchitubi, uye vachikanda maoko avo mudenga nekuseka ipapo, kuti, madzibaba avo akanwa kubva paDombo remweya, nezvimwe zvakadaro. Akati, “Ndini Dombo riya raiva murenje.”

<sup>215</sup> Uye vakati, “Apa uri kuti iwe ‘waivepo Abrahamu asati avapo,’ uye uri murume asina makore anopfuura makumi

mashanu. Uye unoti iwe ‘wakaona Abrahamama’? Tinozviziva zvino, kuti, unopenga, uri dhimoni.” Maona?

216 Akati, “Abrahamama asati avapo, NDIRI.” NDIRI aiva mugwenzi naMosesi; gwenzi raipfuta, NDIRI. “Abrahamama asati avapo, NDIRI”; kwete “Ndaive.”

217 Zvino, imi vanhu vanoti mazuva ezvishamiso akapfuura, maizofanira kuita kuti Rugwaro irworwo rwuti, “Ndakanga ndiri Ndaive mukuru.” Maona?

218 Kwete “Ndaive,” kana “Ndichave”; “NDIRI,” ndizvo nguva dzose. Ndiye weKusingaperi. Shoko rekuti “NDIRI” ndereKusingaperi, zera ravo rose, nguva dzose, muzvigadziko zvemwenje zvendarama zvinomwe zvose, chechi yose, nzvimbo yose, mwoyo wose. “NDIRI,” (kwete “Ndaive” kana “Ndichave”) “Ndiri iko zvino sezvaNdagara ndiri.” Maona? “Nguva dzose, NDIRI.”

219 Vakati, “Madzibaba edu...Hatikuzive. Tinoziva kuti uri dhimoni.” Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje kwechikamu chemakore makumi mana.”

220 Zvino Jesu akati, “Zvino ivo vose vakafa.” Ndizvo here? “Vose vakafa. Asi Ini...” Oo! “Ndini Chingwa cheHupenyu chakabva kuna Mwari chichibva Kudenga. Kana...Chingwa cheHupenyu. Kana munhu akadya Chingwa ichi haangatogofi.”

221 “Murume uyu achapa here mutumbi wake, kuti udyiwe?” vakadaro, “Zvino anopenga, chokwadi chaizvo.”

222 Chingwa cheHupenyu chakabva paMuti weHupenyu, apo pavaidya, kubvapo mubindu reEdheni. Akanga ari Muti weHupenyu. Zvino, kana Muti weHupenyu waiva Munhu, zvino muti wezivo waiva munhu. Zvino woti nyoka yakanga isina mbeu! Kana Hupenyu hwakauya neMurume, rufu rwakauya nemukadzi. Zvakana, aiva muti werufu.

223 Iyi ichingo—ngomusvibisa, zvinova zwayakaita (nyoka), akati, “Nyoka yandinyengera.” Ndizvozvo. Kwete nyoka; yakanga iri mhuka ine nomomano kupfuura dzose, yakanga iri pakati pechimumpanzi nemunhu. Mbeu yemhuka haisangani nemukadzi, haizviiti; asi muchinda uyu aive, ndiye chibatanidzo chaitevera pazviri. Zvino Mwari vakaisa chituko chakadaro pamusoro payo Vakanyatsoiisa ipapo padumbu rayo, uye isina makumbo, ndokutora bvupa rose riri mairi ndokurishandura kubva pane chero chinhu chakafanana nemunhu. Sainzi ichiedza kuichera mumunda. Zvakavanzwa muzvakavanzika zvaMwari, pakati peParadhisu yaMwari. Hecho chizaruro chako.

224 Akabereka mwanakomana wake wedangwe aiva Kaini (Ndizvo here?), mwanakomana waSatani, mwanakomana waSatani. Kana vasina, ndekupiko uyo—ndekupiko uyo wakaipa kwaakabva? Kubva muna Adhama uyo aive

mwanakomana waMwari? Akabva kuna dhiyabhore, baba vake. Zvino akauraya; mhondi yokutanga akanga ari dhiyabhore, mwanakomana wadhiyabhore.

<sup>225</sup> Tarisai zvakazoitika shure kwaizvozvo, tarisai dzinza raKaini. Zvichienda zvichidzika nemuchizvarwa ichocho chakatevera, mushure maKaini, kwaive newese aive wezvesainzi nevarume vakuru. Verengai Bhaibheri. Vakavaka dzimba, vanoshanda nesimbi, uye vaiva vezvesainzi. Asi munhu wose akabva kuna Seti, (Apo Abheri akafa, mufananidzo waJesu, akafa, zvino Abheri akafa, uye Seti ndokutora nzvimbo yake: rufu, kuvigwa, norumuko)...kubva kwaari kwakauya varimi vakaninipa, vafudzi vemakwai vakauya kubudikidza naikoko.

<sup>226</sup> Zvino Jesu akati, “Madzibaba enyu akadya mana murenje uye vose vakafa. Asi Ndini Chingwa ichocho cheHupenyu,” (Chingwa choHupenyu chipi? Kubva muEdheni!) “kuti munhu anogona kudya Chingwa ichi uye orega kuzombofa.” Zvino, Mwari vakaisa Ngirozi paMuti iwoyo weHupenyu, kuuchengetedza kuti pasava neanogona kuubata, pada vakazodya Muti iwoyo zvino vozorarama nekusingaperi. Ndizvo here?

<sup>227</sup> Nokuti, vaifanira kuramba vari pamuti uyu vofa. Ndizvo here? Nokuti, chero bedzi vaifanira kudya pane iwoyo, vaifa. Uye sechokwadi chekuti unofa nekuti wadya kubva pamuti iwoyo wezivo...Zvino, ngatitarisei pamuti iwoyo wezivo zvino. Tarisai zvawakaita. Zvino ngationei zvawakaita. Chinhu chekutanga, ngationei, iwo...Zvakanaka, ngationei mumwe wavaka...wakagadzira unga. Inouraya vamwe vedu. Ndizvozvo, kuurayana neunga, wakabva pamuti wezivo. Chinhu chinotevera chatakaita, ini zvangu, ngationei, isu—isu takagadzira motokari, kubva pamuti iwoyo wezivo. Inouraya kupfuura zvinoita unga. Oo, hongu! Zvino, tine bhambu rehydrogen. Mwari havaparadze chinhu, munhu anozviparadza pachake neruzivo rwake.

<sup>228</sup> Asi zvose ndezvaMwari, Mwari vachazvimutsa zvakare; Mwari havana chavanorasikirwa nacho. Jesu akataura kudaro, ndizvozvo, “Uyo anodya Chingwa ichi ane Hupenyu Husingaperi, uye Ndichamumutsa zvakare nezuva rokupedzisira.” Ndiyo vimbiso yaKe. Zvino, Mwari...

<sup>229</sup> Vari mberi-mberi chaiko, vachidya pamuti wezivo uye vachifa. Asi pavanozongogona kusvika paMuti uyu, vanozorarama nekusingaperi.

<sup>230</sup> Saka zvino pachinzvimbo cheNgirozi kunze uko ichivadzivisa kubva paMuti uyu, iri kunze uko ichivafambisa kuenda kuMuti uyu; vatumwa vemachechi, machechi manomwe, vachivadzosa kuZita raJesu Kristu anova Muti weHupenyu umire muParadhisu yaMwari. Whew! Ini zvangu! Ndinovimba munozvibata. Muti weHupenyu wakamira muParadhisu

yaMwari kuti mugodya kubva paAri uye mova mwanakomana nemwanasikana waMwari uye mugorarama nokusingaperi. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma ane Hupenyu Husingaperi, uye haangatongopindi mukutongwa asi akapfuura kubva murufu achipinda muHupenyu.”

<sup>231</sup> Hama, hanzvadzi, zvino ndiri...ini...Chokwadi, nda...nda—ndakukanganisai, ndakurwadzisai. Nda—ndanga ndisingarevereri kuzviita nenzira iyoyo. Maona? Mwari vanozviziva, asi ndinofanira kuzviita nenzira iyi kukuitai kuti muone patiri. Handitendi kuti tine nguva yakanyanya kureba yekugara. Handisi kuedza kukuitai kuti hamunamate nekuti muri vesangano. Handizvo. Vanhu vanobatwa nemamiroro ezvinhu. Havazivi chinhu chokuita; zvese zvagara zvichiitwa nevabereki vavo kuenda kunojoinha chechi nezvinhu.

<sup>232</sup> Asi, hama, chinhu chimwe chete tisati taenda, regai nditaure chimwe ichi zvakare. Muporofita akati... Munotenda vaporofita here? Bhaibheri rakataura kuti tivateerere. Muporofita akati, “Kwaizouya nguva yekuti paisazove nemasikati kana husiku, asi raizove rakaita sezuva rakadzikatidzwa. Asi munguva dzamadekwana, zuva risati ravira, kuchava neChiedza.” Ndizvo here?

<sup>233</sup> Zvino tarisai zvatakave nazvo. Zvino, ngatingotarisei. Ko zuva rinoita sei...Zuva rinobudira kupi, maererano nenzvimbo? Kumabvazuva. Ndizvo here? Rinovira kumadokero. Ndaishuvira kuti dai ndaiva...Ndichatora mepu mangwana manheru ndokuratidzai. Mweya Mutsvene pawakadonhera muJerusarema, Wakagadzira chimiro chakakwana chenhamba yesere, gwara raWo. Unoenda wakananga chaiko mhiri kumusoro muIreland, wodzokazve uchitenderera, mhiri chaiko, zvino wosvika kuMahombekombe eKumadokero, uye wodzoka zvakare; chimiro chenhamba yesere chakakwana kwakaenda Vhangeri. Zvino, budiro yehungwaru yakafamba nezuya. Vangani vanozviziva? Makazvidzidziswa izvozvo uye munozviziva. Budiro yehungwaru yekaresa yatiinayo iChina, uyezve kubva ipapo yakabva yasvika ichiyambukira kunyika dzokumabvazuva. Zvino kana Mweya Mutsvene, kwete z-u-v-a, asi M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a...

<sup>234</sup> Kana zuva, z-u-v-a, richitanga kupenya pasi nemumhute yakasimba uye nemumhute yeusiku, zvisinei kuti mbeu iripi, ichararama; nekuti hupenyu hwese hwezvirimwa hunorarama nezuya. Tinozviziva izvozvo. Unogona kudira kongiri pachidimbu chehuswa, uye pfumvudza inotevera, huswa hwakawandisa huri papi? Kunze chaiko kwakaperera kongiri. Sei? Hupenyu ihwohwo huri pasi ipapo, haugone kuvanza hupenyu chaihwo. Hupenyu hudiki ihwohwo, pahunongoziva kuti zuva rave kupenya neipapo, hunomanikidzira nzira yahwo kwehafu yebhuroko reguta potse, huchitenderera pasi pekongiri

iyoyo kusvikira wabuditsa musoro wahwo mudenga chaimo wotanga kurumbidza Mwari.

235 Haukwanise kuvanza Hupenyu. Ndizvozvo, HUPENYU. Kana wazvarwa patsva haukwanise kuHuvanza. Pane chimwe chinhu chinofanira kudandizira kana wava neHupenyu.

236 Zvino, zvinhu zvose zvakafa zvino, uye mbeu di—diki dzinoputika dzichivhurika, chemukati chinopera, uye chakafa, asi hupenyu huchirimo imomo. Zvino, kana zuva rotanga kupenya mupfumvudza, maruva madiki anobuda, uye chinhu chese chichasimudza musoro wacho zvakare (kubuda kubva pasi pezvimeu zvehuni, kubuda kubva pasi pematanda, kubuda kubva pasi pematombo), ichamuka zvakare, yorarama zvakare. Ndizvo here? Nokuti z-u-v-a riri kupenya.

237 Zvino, rimwe zuva M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a achapenya, anova Muvambi weHupenyu Husingaperi, uye chinhu chese chine chizenga chehupenyu kwaAri kuHupenyu Husingaperi, Akati, “Ndichachimutsa nezuva rekupedzisira.” Munoono zvandiri kureva? Hupenyu Husingaperi huchamutsa mumazuva ekupedzisira. Kana vakakuviga mugungwa, kana vakapisa mutumbi wako vousasira kumhepo ina dzenyika, Mwari vachamutsa nezuva rokupedzisira. Kana uchifanira kuzadza dumbu reshumba ine nzara, kana—kana kupinda mumakomba ari kubvira moto anatora ose ma—ma—mapetroleum gumi nematanhatu uye nezviedza zvemuchadenga uye nezvose kubva mauri, Mwari vachamutsa. “Bvudzi remusoro wako chairu rakaverengwa.” Amen! Mwari vacharimutsa!

238 Zvino, tarisai pano. Zvino, kana munhu wose achifa kubudikidza nomukadzi, zvino munhu wose anorarama kubudikidza neMurume. Kudya pamukadzi mumhando yehupenyu ihwohwo, unoziva kuti uchafa. Hapana nzira yekubuda mazviri, uchafa. Uye sechokwadi chaunatora paUri, uchararama; hapana nzira yekubuda mazviri, unofanira kurarama. Amen! Kana izvo zvichiburitsa rufu chairwo, Izvi zvinoburitsa Hupenyu chairwo. Ndiyo nzira chete yaunokwanisa kuzvigamuchira, kuva neHupenyu.

239 Zvino, muprofiti akataura, kuti, “Kuchava neChiedza munguva dzamadekwana.” Zvino tarisai. Akataura kuti kuchava nezva richange rakadzikatidzwa, risingazonzi masakati kana husiku. Izuva rakaita sekunge rine makore, rine mhute, rinotonhora, asi zvakadaro Mwanakomana ari kupa Chiedza. Kumusoro-soro pamusoro pemhute nemakore nezvimwe zvakadaro, Mwanakomana ari kupa Chiedza. Anopa Chiedza chakakwana unokwanisa kufamba, uye unogona kuona mafambiro, nezvimwe zvakadaro, asi zvakadaro iro—iro harisi zuva rakajeka, rakanaka. Maona? Zvino, hapana chinogona kutomborarama muzuva iroro.

<sup>240</sup> Kana ukadyara chero chinhu pasi pokuti zuva harichirove, chinotsonga. Handizvo here? Imi varimi munozviziva. Isa chibage uko mumumvuri kana kumwewo, chitarise, zvinochitsongesa. Fred, unofanira kuzviziva izvozvo negorosi rako. Ukariisa kunze uko, uye kana uine zhizha rakashata, oo, kutonhora pamwe nekunaya, zvinoritsongesa.

<sup>241</sup> Saka, ndiro dambudziko nechechi zvichidzika nemumazera aya, yakatsongeswa. Yakatsongeswa nemasangano, “Isa zita rako mubhuku. Takava neChiedza chakakwana chekuziva kuti kuna Mwari.” Ndinofara nazvo. “Takava neChiedza chakakwana chekuziva kuti kuna Kristu, pane kutongwa kuri kuuya. Takava neChiedza; saka takaisa mazita edu mumabhuku, takakwazisana mawoko nemufundisi, nezvimwe zvakadaro, nekuita izvozvo.” Zvakanaka, asi zvino yave nguva yemadekwana.

<sup>242</sup> Zvino, budiriro yehungwaru yakabva kumabvazuva ichienda kumadokero, uye zvino tave kuMahombekombe eKumadokero. Hatikwanisi kuenda mberi; tikayambukira mhiri, tadzokera Kumabvazuva zvakare. Hatichakwanisa kuenda tichipfuurira mberi, tiri paMahombekombe eKumadokero.

<sup>243</sup> Zvino, Bhaibheri rakati, “Munguva dzeMadekwana Chiedza chaizouya.” Zvino, izuva rudzii rinopenya munguva dzamadekwana? Izuva rakasiyana here nerinobuda mangwanani? Izuva rimwe chete. Ndizvo here? Saka, zvino, Mwari vakavimbisa chii? Zvino tichasvika kune izvi, tozvibata, zasi kuno chaiko pazera *iri*. Bhaibheri rakataura kudaro, ndichazviratidza, mumazera echechi aya, tichienderera mberi, kuti, “Munguva dzamadekwana kwaizouya Chiedza chichibuda Kumadokero chaizodzosa Zuva reKururama zvakare nekupodza mumapapiro Aro. Uye zviratidzo zvimwe chete nezvishamiso zvimwe chete zvakaikwa kare kuno Kumabvazuva zvichaitwa kuno Kumadokero, nokumwe kudururwa kwoMweya Mutsvene muzuva rokupedzisira.”

Kuchava neChiedza panguva yamadekwana,  
Nzira yemuKubwinya uchaiwana  
zvechokwadi;  
Nemunzira iyoyo yemumvura, Ndicho Chiedza  
nhasi,  
Wavigwa muZita rinokosha raJesu.  
Vadiki nevakuru, tendeukai pazvivi zvenyu  
zvese,  
Mweya Mutsvene zvirokwasvo uchapinda  
mukati;  
Zviedza zveamadekwana zvauya,  
Ichokwadi kuti Mwari naKristu Mumwe.

Oo, kuchava neChiedza panguva  
 yemadekwana,  
 Nzira iyoyo yemuKubwinya uchaiwana  
 zvechokwadi;  
 Munzira iyi yemumvura ndicho Chiedza nhasi,  
 Wakavigwa muZita raJesu rakakosha.  
 Vadiki nevakuru, tendeukai pazvivi zvenyu  
 zvese,  
 Mweya Mutsvene zvirokwazvo uchapinda  
 mukati;  
 Zviedza zvemadekwana zviya zvauya,

244 Zvimwe chetezvo zvakataurwa naPetro, “Ngazvizivikanwe kwamuri, kuti Mwari vakaita Jesu mumwe cheteyo, wamakaroverera, zvose Ishe naKristu. Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu” akati, “uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu.”

245 Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Pandaive ndichitaura rimwe zuva pamusoro pegwaro *remushonga rachiremba*. Vanhu havafarire kutora mushonga wachiremba. Kana aine mu—mushonga unorapa chirwere chako, uye wo-tadza... woramba kuutora, haisi mhosva yachiremba kuti wafa. Kwete, changamire. Imhosva yako, nekuti waramba kuutora.

246 Uye zvino, kana chiremba akanyora gwaro remushonga uye iye...uye ukatora gwaro remushonga iroro kune mugadziri wemushonga wenhema, zvino oisa chimwe chinhu imomo chisingafaniri kunge chirimo, chinokuuraya, zvakare. Ndizvo here? Chiremba uya akazvidzidza kusvikira anoziva kuti pane zvakawanda zvakadai zvemushonga iwoyo zviri muchetura, hwekuuraya hutachiona ihwohwo huri mumuviri wako; uye mune mushonga wakakwana imomo wekudzivisa muchetura kuti urege kukuuraya. Uye zvinofanira kuva zvakaenzana. Kana ukaisa mushonga wakawandisa, hazvizobatsiri murwere; ukaisa muchetura wakawandisa, unomuuraya. Zvinofanira kuva zvakaenzaniswa.

247 Mubvunzo waiti, “Ko hakuna here bhasami muGireadhi? Hakuna here murapi ikoko?” akadaro muporofita. “Saka sei chirwere chemukunda waNgu chisiri kupora.” Dambudziko rechechi nderei? Dambudziko nderei tine machechi akawandisa kwazvo ekare anorwara? Nekuti takava nevamwe vagadziri vemushonga venhema vanopa Mushonga zvisizvo. Ndizvozvo. Haana kumboti, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Iye...

248 Ko Gwaro remushonga rakati kudii? Heuno Petro. Vangani vanoziva kuti aive nemakiyi ekuHumambo? Jesu akataura kudaro. Akati chii? Nemaswe manzwi, ane chinoyeso cheingi cheGwaro remushonga.



249 Vakati vanzwa izvi zvashambadzirwa kwese-kwese, (Vaizhambatata, vachishevedzera, vachitaura nendimi, uye vachiva nenguva yakadaro.) zvino vakati, “Varume ava vaguta newaini itsva.”

250 Petro akati, “Ava havana kuzara newaini itsva, sezvamunofungidzira, muchiona kuti iawa yetatu yezuva. Asi izvi ndizvo zvakataurwa namuporofita Joere, ‘Zvichaitika nezuva rokupedzisira,’ ndizvo zvakataura Mwari, ‘Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose. Vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita, uye napamusoro pavarandakadzi vangu nevashandikadzi Ndichadurura Mweya waNgu, uye vachaporofita. Uye Ndicharatidza zviratidzo kumatenga kumusoro, nezasi panyika; moto, noutsi, nemhute. Uye zvichaitika kuti ani naani achadana paZita raShe haazo . . . achaponeswa.’”

251 Uye pamusoro pazvo akataura pamusoro paDhahidhi, akati, “Tateguru Dhahidhi akafanozviona, uye akati, ‘Uyewozve nyama yangu ichazorora mutariro nokuti haVangasiyi mweya waNgu mugehena, uye haVangatenderi Mutsvene waVo kuti aone kuora.’ Regai nditauze kwamuri ndakasununguka, hama, nezvatateguru Dhahidhi, akafa uye akavigwa, uye guva rake riri pakati pedu kusvikira nhasi uno. Munoono, asi iye, ari muporofita, akaona rumuko rwaKristu. Ngazvizikanwe kwamuri, kuti Jesu uyu, wamakaroverera pamuchinjikwa nemaoko ane utsinye, Mwari vakaMuita zvose Ishe naKristu.”

252 Zvino vakati vachinzwa izvi, vakabayiwa mumoyo mavo, ndokuti, “Varume hama,” kana kuti, “Chiremba Simoni Petro, tinyorereiwo Gwaro remushonga. TingaRiwana sei? Tinoda mushonga wekurapa chivi.” Oo!

253 Zvino mutarisei, zvaakataura. Zvino mochiona pakabudira machechi aya kubva mugwara. Akati, “Mirai zvishoma! Ndichanyora Gwaro remushonga, uye richave Gwaro remuna Ziyendanakuenda. Richava renyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure-kure, uye kunyangwe nevose vachadanwa naIshe Mwari vedu.”

254 Akati chii? Akazvigadzirisa sei? Sezvine Katorike? Sezvine Baptisti? Sezvine Methodisti? Mumwe nomumwe wavo akawedzera chimwe chinhu kana kubvisa chimwe chinhu paRiri. Sezvakaita maPentekosti? Vakawedzera kana kubvisa. Asi akati chii? “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene.” Gwaro remuna Ziyendanakuenda! “Nderenyu, nekuvana venyu; iri richagara zvichidzika nemuzera rega-rega rechechi, kuRipa kune mumwe nemumwe wavo.”

255 O Mwari, chenesai maoko angu. Chenesai mwoyo wangu, Ishe. Dai. . . Kana zvichitora shamwari yese yandiinayo, regai ndipe Mushonga nenzira yakataurwa naChiremba kuti ndiUpe.

256 Ndicho chikonzero mune machechi akawanda kwazvo akafa, nhengo dzakawanda kwazvo dzakafa. Muri kuwedzera mushonga, uye muchibvisa zvakawanda kubva kwaRiri kusvikira Mushonga wacho hauchisiri zvauroi zvachose, haritombopodze kana chinhu; kukwazisana maoko, nekujoinha machechi, nekusasa. Oo, nhai vedu, handiwo Mushonga, rufu urwo. Kana uchida Hupenyu, uye uchida Mweya Mutsvene, tevedzera zvakataurwa naMwari kuti uite. Tora Mushonga! Ndiyo chaiyo nzira yaAkataura, “Usawedzera paRiri kana kubvisa paRiri.” Zvino hechinoi Chizaruro chauya ipapo ndokuti, “Ani naani achabvisa kana kuwedzera, mumwe cheteyo achabviswa (chikamu chake) kubva muBhuku reHupenyu.” Oo, ini zvangu, ndiye Chiremba *mukuru*. Oo, ndinoMuda. Iwe haudaro here?

257 Oo, kuzera guru iroro, reZera reEfeso, apo dzidziso iyi yakatsauka ichangotanga kuverevedza ichipinda, kugadzira masangano. Uye vafundisi nemadhikoni. . . kana kuti kwete madhikoni, asi mufundisi. . . kwete vafundisi, asi maKadhinari, mabhishopi, vanapapa, vatariri vechechi, vachiudza Mweya Mutsvene, vachiudza Chechi, “Zvino, hamugone kuva neizvozvo muno!” Mukuru ndiani, zvakadaro?

258 Petro akambobvunzwa izvozvo imwe nguva. Vakati, “Hauchakwanisi zvachose kuparidza muZita raJesu. Unogona kuparidza kana uchida, asi kwete muZita raJesu.” Oo, dhiyabhore anovenga Zita iroro!

259 Petro akati, “Zvakanaka here kuti ini. . .” Bhaibheri rakati, “Petro akazara ne. . .” (sangano?) Oo, ah, “. . . Mweya Mutsvene.” Akati, “Mirai, ndichaenda kunoono mutariri mukuru, kuti ndione zvaanondiudza kuti ndiite pamusoro peIzvi.”

260 Regai ndikuudzei. Maiziva here kuti Assemblies of God ine chiremba wepfungwa wekuti atonge, uye nokuendesa mamishinari avo pamberi pachiremba wepfungwa, kuti vaone kana murume iyeye mupfungwa achigona kuva mumishinari? Pentecostal Assemblies of God. Vangani vakambozvunzwa? Chokwadi, zviri kwese, munhu wese anoziva. Chokwadi. Ndiani anofanira kuongorora mumishinari uye ova mutongi, chiremba wepfungwa kana Mweya Mutsvene? Munoono, ndizvo zvaunowana, pakuva nemunhu. Munoono, pfungwa dzakagadzirwa nevanhu, dzidziso dzakagadzirwa nevanhu. Mirirai kusvikira tasvika kuzera iroro rePentekosti! Mwari vachapisa chinhu ichocho zvechokwadi chaizvo sezviri nyika. Hongu, changamire. Hongu, zvechokwadi. Uye muchaona

kubatira kwacho moto nzira yose kusvika zasi. Uh, hum. Chaizvoizvo.

<sup>261</sup> Asi rimwe zuva rinobwinya Achauya. Uye rangarirai, tererai, kune mazera manomwe echechi. Ndizvo here? Kune mazera manomwe echechi. Uye munorangarira pavakabuda kunosangana neMwenga—Chikomba, vamwe vakarara panguva yekutanga (Ndizvo here?), nguva yechipiri, (Chokwadi, kwete—kwete kufa, vakarara.) nguva yechitatu, nguva yechina, nguva yechishanu, nguva yechitanhatu; uye munguva yechinomwe ruzha rwakauya, “Tarirai, Chikomba chichiuya! Budai kunze munoMuchingamidza!” Chii chakaitika? Mhandara dzose idzodzo dzakanga dzakarara, dzakamuka.

Pamangwanani iwayo anopenya uye asina makore apo vakafa muna Kristu vachamuka, (Asina makore, Zviedza zvmadekwana zvichange zvichipenya.)

Uye mangwanani anova Ziendanakuenda, rinopenya uye rakanaka;

Apo vakaponeswa panyika vachaungana kumisha yavo mhiri kwedenga,

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko, ndichavako.

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko,

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko,

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko,

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko, ndichavako.

Ngatishandirei Tenzi kubva mambakwedza kusvikira zuva rodoka,

Ngatitaurei nezve rudo rwaKe rwunoshamisa nehany’n’a;

Zvino kana hupenyu hwese hwapera, uye basa redu panyika rapera,

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko, . . .

Mwana wese waMwari simudza maoko ako zvino:

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko,

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko,

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko,

Kana mazita odaidzwa kumusoro uko, ndichavako. (Oo!)

Mune rinotapira gare-gare,

Tichasangana paMahombekombe iwayo akaisvonaka;

Mune rinotapira gare-gare,

Tichasangana paMahombekombe iwayo akaisvonaka.

262 Munoda here nziyo dzekare dzechechi? Oo!

Kuna Baba vedu vakapfuma vari kumusoro,  
Tichapira rukudzo rwedu rwekurumbidza,  
Nokuda kwechipo chinobwinya cherudo  
rwaVo,  
Uye maropafadzo anotsvenesa zuva redu.

Mune rinotapira gare-gare,  
Tichasangana paMahombekombe iwayo  
akaisvonaka;  
Mune rinotapira gare-gare,  
Tichasangana paMahombekombe iwayo  
akaisvonaka.

Zvino kwazisana maoko nemumwe munhu ari pedyo newe,  
kumativi ose saizvozvo. Zvakanaka.

. . . tapira gare-gare,

Iti, “Ndichasangana nemi hama.”

Tichasangana paMahombekombe iwayo  
akaisvonaka;  
Mune rinotapira gare-gare,  
Tichasangana paMahombekombe iwayo  
akaisvonaka.

Tichaimba paMahombekombe iwayo akanaka,  
Rwiyo rwunotapira . . .

Munhu wose rwuimbe zvino.

Uye mweya wedu hauchazosuwi zvakare,  
Hapana kutura mafemo nekuda  
kwemaropafadzo edu ezororo.

Munhu wese, nemaoko enyu mudenga:

Mune rinotapira gare-gare,  
Oo, tichasangana paMahombekombe iwayo  
akaisvonaka;  
Mune rinotapira gare-gare,  
Tichasangana paMahombekombe iwayo  
akaisvonaka.

263 Takakotamisa misoro yedu zvino, ngatitaurei izvi:

Ishe Jesu, NdinoKudai. Ndinotenda kuti Jesu Kristu ndiye  
Mwanakomana waMwari, Mwari vakaratidzwa munyama kuti  
abvise chivi changu. Handivimbi nezvinondikodzeresa zvangu,  
handina, asi nekuperera kwose ndichivimba mune kukodzera  
kwaJesu Kristu, Anova Muponesi wangu, Mwari wangu, Mambo  
wangu. NdinoMuda. Amen.

264 Mangwana manheru naseven o'clock, Ishe vachitendera,  
tichatora chechi yeSmirna.

Mune rinotapira . . .

Nemisoro yedu yakakotamiswa zvino.

(Oo, gare-gare!)

Tichasangana paMahombekombe iwayo  
akaisvonaka; (Gare-gare!)

Mune rinotapira gare-gare,  
Tichasangana paMahombekombe iwayo  
akaisvonaka.

Zvino zvinyoro-nyoro, munhu wese, zvinotapira:

Oo, kuna Baba vedu vakapfuma vari  
kumusoro,

Tichapira rukudzo rwedu rwekurumbidza,  
Nokuda kwechipo chinobwinya cherudo  
rwaKe...



*ZERA RECHECHI YE EFESO* SHO60-1205  
(The Ephesian Church Age)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZE CHIZARURO CHA JESU KRISTU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Muvhuro manheru, Zvita 5, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)